Гуращэ зиІэр жыжьэ кІуэфынущ

2-нэ нап.

«Истамбылакіуэм» и гъэзагъэр

3-нэ нап.

Лъэпкъым псэ хьэлэлкІэ хуэлажьэ

5-нэ нап.

Кадетым и махуэм

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№19 (24.457) ● 2023 гъэм мазаем (февралым) и 17, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Къалэшхуэхэм щІэІэпхъуэм и щхьэусыгъуэр

4-нэ нап.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

Президентыр хэтащ Сабий поликлиникэр къыщыззІуахыжым

УФ-м и Президент Путин Владимир видеоконференц жыпхъэм иту хэтащ Урысей Федерацэм и хэгъэгу зыбжанэм узыншагъэр хъумэнымкІэ я Іэнатіэхэм я Іуэхущ Іапіэщіэхэр къыщызэІуах зэІущІэм. Ахэр щІыхуэхэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат Іуэхущ Іапіэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын программэмкІэ зэрэзэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкІуэкІахэрщ. Апхуэдэхэщ Саратов, Белгород, Липецк областхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Красноярск крайм, Запорожье щІыналъэм щыІэ сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, амбулаторэхэр.

«МЫ илъэсми, шэч хэмылъу, цІыхуэхэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат Іуэхущ Іапіэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын программэмэ я лэжьыгъэм къыпащэнущ, мыбдежьым фигу кьызгъэкІыжыну сызыхуейр 2024 гъэм и бюджетым и мардэхэм япкъ иткІэ ипэ ити абы текІуэдэну мылъкур къагъэсэбэпыныжьмкІэ Іэмал зэрэщыІэр. УФ-м и Правительствэм хэтхэм ящыІэгъуу абы дытепсэлъыхьащ - зэкІыпІэхэр щыІащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм Іэмал къыдитынущ зыхуэдгъэуважьыжа къалэнхэр нэхъ пасэу зэфІэдгъэкІыныжьмкІэ, абы ипкъ иткІи цІыху мелуанхэм зыхуэныкъуэ медицинэ Іуэхутхьэбзэр и чэзум ягъуэту лэжьыгъэр зэтеубла хъунущ. УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэрэ Урысейм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Мурашкэ Михаилэр щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр фи гъусэу сыныволъэІу а Іуэхур нэхъ ткІийу фи нэІэм щІэгъэуэну икІи программэр щІэгъэхуэбжьауэ Іэзэщ Іэныр къызэрагъэпэщыну», - захуигъэзащ Путин Владимир видеоконференцым хэтхэм.

ЦІыхуэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат Іуэхущ Іапіэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын программэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт и лъэныкъуэкІи къыхуеІуэн хуэмыдэу щІэзэрагъэпэщыжащ Налшык дэт къалэ поликлиникэ №1-р. Уэсфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ республикэ сабий клиникэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Къэшэж Мадинэ и псалъэхэм къыззырыхэщамкІэ, поликлиникэр 1969 гъэм яухуащ. ЛІэщІыгъуэ ныкъуэм къриубыдэу республикэм и сабийхэм фІыуэ кьахэхъуащ. Сабий мин 35-м япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат Іуэхущ Іапіэм къекІуалІэ псори щІэхуэртэкъым. УФ-м и Президентым и жэрдэмкІэ къыхалъхьа программэм и фІыгъэкІэ а гугъуехьыр зэфІахащ. А Іуэхум папщІэ республикэм къыІэрыхьащ сом мелуан 80. Поликлиникэм къатищу зэтет унэр кьыпащІыхьыжри, ар хуэдиткІэ нэхъ ин хъуащ - метр зэбгъуэнатІэу 3220-м нос. Иджы поликлиникэм и щІыхьэпІэр хуитщ, дохутырхэм зэхэгъэщхьэхукІауэ пэшхэр яІэщ, махуэ стационар, хирургие, операцэ щащІ, диагностикэ къудамэхэр, фильтр-боксхэр кьызэІутхащ. Поликлиникэм медицинэм и унэтІныныгъэ зыбжанэм зыщрагъэужьыну Іэмал хъарэныкэр иІэ хъуащ. «ЗэщІагъэпІхэмкІэ ирикъуу дыкьызэзгъэпэщащ, дызыхуэныкъуэ Іэмэпсымэхэр псори къытІэрыхьащ. ЗэхъуэкІныныгъэхэр сэбэп хъуащ Іэщ Іагъэлі Іхэм я зэфІэкІыр нэсу къагъэсэбэпыныжьмкІэ, адэкІи ди лэжьыгъэм зэрыпытщэнум дыхуэхьэзырщ», - жиІащ Къэшэж Мадинэ.

УФ-м и Президентыр щІэзэупщІащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэр къэгъэщІэрэщІэжьыным теухуауэ адэкІэ я мурадхэм. Абы и жэуапу КІуэкІуэ Казбек жиІащ: «А программэм зэхэзгъэщхьэхукІауэ пэшхэр яІэщ, махуэ стационар, хирургие, операцэ щащІ, щедгъэкІуэкІынущ. Абы щыщу 11-р сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэдгъэзэжауэ мэлажьэ, зи гугъу тщІыхэм яхэтщ нобэ кьызэІутхэжа Іуэхущ Іапіэр, Дыгулыбгъуей къуажэм дэт поликлиникэмрэ Аулыджэр жылэм и амбулаторэмрэ. Къыкіэлъыкіуэ илъэсым зэгъэпэщыжьныгъэхэр щызэфІэкІынущ медицинэ Іуэхущ Іапіэ 11-м. Дэ жыджэру дыдолажьэ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм, дыхьэзырщ 2024 гъэм зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр, нэхъ щІэгъэзэхуэбжьауэ иужь дихьу, мы илъэсым зэрызэфІэдгъэкІыными. Апхуэдэу, къэралым и Іэтащхьэми, УФ-м и Правительствэми, Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэми фІыщІэ фхуэсщІыну сыхуейт ди жэрдэмхэр сытым дежи къызэрыддэфІыгъым папщІэ. Иджыпсту лэжьыгъэшхуэхэр идогъэкІуэкІ Узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ республикэ сабий клиникэ центрыр къэгъэщІэрэщІэжьыным теуху а, мы илъэсым и кІэм ар хьэзыр хъуну догугъэ. Фэ фи дэІэпыкъуныгъэкІэ республикэм и Онкологие диспансерым и уэуэныгъэр ирагъэжьэжащ. Щхьэхуэу фІыщІэ сщІыну сыхуейт медицинэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм социальнэ хуэдэщІыгъуэныгъэхэр зэрыхуэфащам папщІэ. А ахъщэхэр медицинэ лэжьакІуэхэм яІэрыхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм дежкІэ ар щІэгъэкъуэнышхуэщ, абы къызэщІиубыдащ республикэм и медицинэ лэжьакІуэхэм и процент 30-р. Къыхэзгъэщынуи сыхуейт: ди бюджетым къыхэкІ мылъкукІи цІыху 1200-м я улахуэм дэщІыгъуэныгъэхэр зэрыхэтщІар».

«Поликлиникэм и регистратурэм и лэжьыгъэр дауэ къызэрызэгъэпэщар? ЦІыхуэхэр чэзум щызэтрихьэнукъэ?» - щІэупщІащ Путин Владимир. Абы и жэуапу Къэшэж Мадинэ жиІащ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм ар гугъуехьышхуэу зэрыщыІэр. «Абы и лъэныкъуэкІэ ди цІыхухэм Іуэхур зэращыдгъэпсынщІэнум теухуауэ поликлиникэм лэжьыгъэр щызэтедублащ, хэкІыпІэ хъарэныр хуащ электрон щебгъэтхьыфыр, - жиІащ абы. - Абы и фІыгъэкІи зи узыншагъэр къезыгъэпщІэнущэхэмрэ сымаджэхэмрэ зэримыхьэлІэу зэхэдгъэщІхьэхукІыфащ: махуэкІэ, сыхьэт бжьыгъэкІэ псори зэхэхауэ щытщ». Апхуэдэу абы къыхигъэщащ поликлиникэм къекІуалІэхэм я тынышпІэр къызэгъэпэщыныр хуэщІауэ иужьрей илъэситІым цІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэкэр зэгъэфІэкІуэным къызэрыщагъэсэбэпыр.

Зэ1ущІэм и кІэухым Путин Владимир щІыналъэхэм ехъуэхъуащ сабий поликлиникэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын Іуэхум зэрехъулІамкІэ икІи адэкІи зэфІэкІ лъагэхэр яІэну.

Унафэри гувакъым

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Іэ щІидзащ ЗэщІагъэ гуэдзэн щызэрагъэгъуэт «Іуащхьэмахуэ» корпоративнэ университет» коммерческэу щымыт автономнэ Іуэхущ Іапіэр къызэрэпэщыным теухуа унафэм.

АБы къызэрыщыхьамкІэ, «Іуащхьэмахуэ» корпоративнэ университетым и къызэгъэпэщакІуэщ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэр, КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр, �щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ министерствэр. Еджапіэр зэрагъэлэжьны мылъкур республикэ бюджетым къыхэкІынущ, апхуэдэуи езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ къыхалъхьэ ахъшэр, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ федеральнэ хабзэхэмрэ я жыпхъэм изагъэу къыхуатІыпщ мылъкур къагъэсэбэпынущ. Еджапіэр лэжьэну зэрыхуитымкІэ дяпэкІэ дэфтэрхэр ягъэхьэзырыну аращ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, мазаем и 13-м КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ къэрал, щІыналъэ Іуэху зегъэкІуэкІэр нэхъ купщІафІэу зэтеубла хъунымкІэ сыткІи зэпэщ мардэхэр кьызэрызэгъэпэщыпхъэм, абы хэту жаІащ «Іуащхьэмахуэ» корпоративнэ университет» автономнэ Іуэхущ Іапіэр зэрылэжьэну дэфтэрхэр зэрагъэхьэзырар, зэрырагъэджэну программэхэр зэраубзыхуар.

ЕджапІэщІэм екІуалІэхэм къэрал, муниципальнэ лэжьакІуэхэм папщІэ семинархэр, тренингхэр ирагъэкІуэкІынущ. ЯпэщІыкІэ лажьэн щыщІадзэнур «Мэшыкъуэ» центрыщ, итІанэ республикэм къахьыжьынущ. Іуэхур мэлыжьыхьым ирагъэжьэнущ.

Ди къуэш республикэхэм

Хэгъэгуитіым я зэпыщІэныгъэхэр

АДЫГЕЙ. ***АР-м и Министрхэм я кабинетымрэ Башкортостаным и Правительствэмрэ иджыблагъэ зэгурыІуэныгъэ зэращылІащ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, социально-щэнхабзэ Іуэхухэм я лъэныкъуэкІэ зэдзлажьэну.***

- АДЫГЕЙМРЭ Башкортостанымрэ щыналъэкІэ зэрызэпэжьыжьэр зэран хъуркъым ди зэпыщІэныгъэхэмрэ дызэрызэдэлажьэмрэ нэхъри едгъэфІэкІуэныжьмкІэ, - жиІащ АР-м и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат.

Нэхъапэ1уэ Башкортостаным и ЛыкІуэхэр щыІащ Адыгейм икІи хьэрычэт Іуэхумрэ щэнхабзэ-егъэджэныгъэ Іуэхумкіэ зэпыщІэныгъэхэр яубзыхуащ.

КъумпІыл Мурат къызэрыхигъэщамкІэ, промышленнэ Іуэхумкіэ Башкортостаным щапхъэ зытепхын щыІэщ, промышленнэ паркхэр я куэдщ.

- Абы и лъэныкъуэкІэ ди республикэм и зыужьыныгъэр зэредгъэфІэкІуэным иужь дитщ дэри. ИкІи лэжьыгъэшхуэ зэфІэдгъэкІащ Тэхъутэмыкъуей районым промпарк къыщызэдгъэпэщыныжьмкІэ. Мис а лэжьыгъэ щыуагъэ къыхэмыкІыу икІи нэхъ псынщІэу зэтеублэныжьмкІэ Башкортостаным я Іуэху зехьэкІэр щапхъэ тхуэхъунущ.

Зыхуей хуэзэу къызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Школакіуэхэр ерыскъы пщтыркІэ гъэшхэным теухуа Іуэхум щытепсэлъыхьащ КъШР-м и Правительствэм хэтхэм я зи чэзу зэІущІэм.***

«КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС Республикэм и пэщІэдзэ классхэм щІэсхэр ерыскъы пщтыркІэ гъэшхэныр щызэтеублащ курыт еджапІэ псоми. Ахэр школи 174-рэ мэхъу. ЯгъашхэщІ цІыкІуэхэм я бжьыгъэр мин 25-м щІегъу», - жиІащ КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ Аргун Мурат.

Къулыкъущ Іэм зи гугъу ищІ еджапІэ псори хэтщ ерыскъы пщтыркІэ зэрагъашхэр къызэрапщытэ федеральнэ кІэлъыплъыныгъэм. Абы къыдэкІуэу, цІыкІуэхэр зыгъашхэ пщафІэ Іэзэхэр Іуэхум зэрыхуэшэрыІуэмкІэ къэралым щыпашэхэм ящыщщ республикэр.

Абхъазри ядоІэпыкъу

АБХЪАЗ. ***АР-м Дунейпсо, парламент зэпыщІэныгъэхэмкІэ, и хэкуэгъуэхэм запыщІэныжьмкІэ и комитетым мазаем и 15-м зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ Тыркумрэ Сириемрэ ядэІэпыкъуным. КъулыкъущІэхэр тепсэлъыхьащ щхьэж и нэІэ щІэт Іуэхущ Іапіэхэм зи гугъу ящым теухуауэ зэфІагъэкІа лэжьыгъэм. Хамэ къэрал Іуэхуэхмкіэ министрым и къуэдзэ Бигаев Одиссей жиІащ щы хьэйм лей къыхэтригъэхьа цІыхухэм ерыскъырэ зыхуэныкъуэхэмрэ зэрыхуэрагъэшэнур, хьэжыгъэ, фошыгъу, дагъэ, сабий шхынхэр, шхыІэнхэр, нэгъуэщІ куэди зэрызэрагъэІуэр.**

АБХЪАЗЫМ и лыкІуэу Сирием щыІэ Хутабэ Бэгъэрат фІыщІэ яхуищІащ мы Іуэхум зи гуащІэрэ зи мылъкурэ хэзыльхьа псоми икІи АР-м Хамэ къэрал Іуэхуэхмкіэ и министерствэр жыджэру зэрыхэлІыфІыхьар дыщІигъащ.

Абхъаз Республикэм и Президентым и лыкІуэу Парламентым щыІэ Барциц Анри жиІащ АР-м и Правительствэм и Унафэкіэ, Апсным Тыркумрэ Сириемрэ доллар мин 300 зэрыхуригъэхьыр. Абы щыщу доллар мини 100-р - Тыркум, доллар мин 200-р Сирием хуаутІыпщынущ. А псори махуэ гъунэгъуэхэм Іэрагъэхьэнущ щы хьэйм къулейсыз ищІа хьэрыпхэмрэ тыркуэмрэ.



НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КупщІафІэу зэфІах

«Къалэм и теплъэр егъэфІэкІуэн» къэрал проектымрэ «ПсэупІэмрэ къалэмрэ» лъэпкъ проектымрэ хиубыдэу Дыгулыбгъуей къуажэм зыхуей щыхуагъэзащ Бахьсэнымрэ ЦІагъуэмрэ я уэрамхэр.

2023 - 2024 гъэхэм хиубыдэу Куба къуажэм псы къыщІэшыпІэщІэ щаухуэнущ. «Псы къабзэ» программэм хиубыдэу КъулькъужьИп ИщщэрэмрэщІэзэрагъэпэщыжьнущ псы зэфэнур зриКІуэ бжьамийхэр.

Ислъэмей дэт курыт еджапІэ №2-м «Демография» лъэпкъ проектым хиубыдэу къыщыІэзІуахащ къудамэ куэд хьу джэгупІэ, сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплекс хэту.

КъулькъужьИп Ипщэм дэт курыт еджапІэ №2-м щаухуащ ГТО-м и мардэхэр ГъэзэщІэным хуэгъэпса утыку. Ахэр тренажёрхэмкІэ, гимнастикэ хуэІухуэщІэхэмкІэ къызэгъэпэщащ.

Ухуэныгъэхэм щыпащэнущ Кьыщпэк, Зеикъуэ къуажэхэми.

Псыхъуерей щауха спортзалым щІэтщ стІолыщхьэ теннисымкІэ джэгупІэ, тренажёр зэмылІэужьыгъуэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къыщрагъажьэм щыщІэдзауэ

Тыркумрэ Сириемрэ щІыр зэрыщыхъеям къиша гузэвэгъуэшхуэр къэлъытауэ, УФ-м и Президент Путин Владимир хеящІэхэр къыхуриджащ щІыр щыхъеинкІэ хъуну щынагъуэ нэхъ здэщыІэ щІыналъэхэм унэхэр зэрыщауху хабзэхэм нэхъ ткІийуэ щыкІэпІэлъыну. А Іуэхум щытепсэлъыхьащ арбитраж, дзэ суд Іуэхущ Іапіэхэм я лыкІуэхэр зыхэта зэІущІэм.

«МЫ махуэхэм Тыркум къыщыхъуа гузэвэгъуэшхуэр зыхуэдэр псоми долъагъу. Мардэхэм тету мылэжьа ухуакІуэхэм я ныкъусаныгъэхэри нэрылъагъу хуащ. Мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ, псом хуэмыдэу щІыр щыхъеинкІэ щынагъуэ здэщыІэ щІыпІэхэм я дежкІэ. Дэ апхуэдэхэр ди мащІэкъым - ар къэралым и ипщэ лъэныкъуэрами КъуэкІыпІэ Жыжьэрами», - къыхиГъэщащ Путин Владимир.

Президентым хеящІэхэм захуигъэзащ а Іуэхур я нэІэм щІамыгъэкІыну, ухуэныгъэхэр къыщрагъажьэм щыщІэдзауэ, унэ кІуэцІхэм зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр зэрыратми кІэлъыплъыну. «Унэ хьэзырхэм пэшхэр нэхъ ин, нэхъ хуит яІщІ, нэхъ лъапІэу ящжьын папщІэ, къэдрдрожьэпІэ абыхэм я уиухкІэм зрагъэхъэжу. Бльн гуэрхэр дах, щІигъэкъуэну щытын хуей Іыхьэхэр Іуах. Мис апхуэдэхэм зэранигъэшхуэщ кІаХьыр», - дыщІигъащ Путиным.

Президентым жиІащ хабзэм кьемызэгъыу пэш блынхэр даха нэужь, ар дэфтэркІи щІагъэбыдэжыну цІыхухэр суд Іуэхущ Іапіэхэм зэрыкІуэр. «Мис абдеж лэжьыгъэм фэ набдзэгубдзапІэу фьыбгъэдыхьэн хуейщ, ныкъусаныгъэ лъэпкъ блэвгъэкІ зэІункъым», - яжриІащ къыдзэхуэсахэм Путин Владимир.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъэ.



Лъэмыжыр къагъэщІэрэщІэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Бахьсэн и псыхъуащхьэхэмкІэ щиІэ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм екІуалІэ гъэзэгум щыщу Адыр-Су псы бгъунжым телъ лъэмыжыр къагъэщІэрэщІэж.

2022 ГъЭМ и бадзэуэгъуэм а щІыпІэм лжьыгъэр щыщІэзыдза «Кавказ» федеральнэ гъэзэгуухуэ Іуэхущ Іапіэм и Іэщ Іагъэпіэм мы зэманым автомобиль зекІуапІэм сэмэгумкІэ щыІэ и бгъур зэпэкрахащ, абдежыр нэхъ бгъуэ ящІу, щІэгъэкъуэнхэри зэрыщагъэувыным зыхуагъэпсу.

КІэлъыкІуэ Іуэхугъуэу, лъэмыжым и зэпрыкІыпІэхэр щІы щхьэфэм езыпх гъущІ хьархэр а щІыпІэм щыхагъэжьыхьнущ, гъэшхэпсыр дэмылъадзэу, зэпыщ Іапіэхэр Іуагъэжьыхьнущ, гъэзэгум къедза и Іэгъуэблагъэр Іэмалыщ Іэхэр мыбдежьми къыщагъэсэбэпынущ: полимер-бетон пкъыгъуэщІу Іыхьищу зэхэтъыр зэпыщІапІэ-зэпыдзапІэхэм дагъэжьыхьынущ, автомобиль зекІуапІэм ибгъуэжкІэ термопластикэм къыхэщІыкІа нагъыщхэр щагъэувынущ, машинэ зэблэкІыпІэхэр щыкІыфІми зэрызэхэпщІыхьыфІым дамыгъэхэр гъэзгу щхьэфэм трагъэбыдыхьынущ.

2023 гъэм и бадзэуэгъуэм ирихьэлІэу, иджырей мардэхэм къитІасу зрагъэпэщыжьынущ А-158 нагъыщэр зрата автомобиль зекІуапІэм и 78-нэ километрым щыщу Бахьсэн Ипщэ къуажэм пхрыкІым метр 25-рэ зи кІыхьагъэу узыщыхуэзэ, зи гугъу тщІа къуршыпс хуэ щыкІуэм телъ лъэмыжыр. Ар къагъэщІэрэщІэжьым и мызакъуэу, зэрыщытам елъытауэ метри 7-кІэ нэхъ бгъуэ ящІынущ (13-м ипІэкІэ 20-кІэ).

БЭРАУ Бышэ.

Гуращэ зиIэр жыжьэ кIуэфынущ

● Жылагъуэ

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхъэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ университетым и щIалэгъуалэр иджыблагъэ хьыкIащ мы махуэхэм хэгъэгум щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щрагъэкIуэкI Іэхугъуэ дахэм – «Пэрытхэм я зэщIэхъеенигъэм» и щIыналъэ къудамэр къыщызэIуахащ. ЕджапIэм щIэс щIалэ-гъуалэм Урысей щIэныгъэм и махуэм ирихьалIэу ахьыкалъхьа жэрдэмкIэ Іэтауэ ягъэмэхуэщIащ, зэIущIэ хъарзыни иращIэкIащ.

ЗЭХЫХЬЭМ къырихьэIащ университетым и ректор Апажэ Асльэн, КъБР-м щIалэгъуалэм я ІэхуэхэмкIэ и министрым и къудзэ Асыкинэ Татьянэ, Сабийжэрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Пэрытхэм я зэщIэхъеенигъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Асльэн, егъэджакIуэжэр, студентхэмрэ аспирантхэмрэ, студент зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Мы махуэхэм къэрал псом щекIуэкI урысейпсо марафоным ипкъ иткIэ, Сабийжэрэ ныбжьыщIэхэмрэ я урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэхэм зыкъагъэувыж кьалэнхэр щIыпIэхэм щызыщIэзэщIэну ІэхуэгъэзэкIуапIэхэр къыщызэIуах. КъызэралъытэмкIэ, дэтхэнэ зыми пыухыкIауэ и Іэнатlэм епха лэжьыгъэ иригъэкIуэкIынущ, абы пыща пэхуэщIэхэр (проектхэр) зэрызэхилъхьэнри, ахэр гъащIэм зэрыхилъхьэнри хущIэкъунущ. ЗэIущIэр гуапэу екъащ, адыгэ фащэр къызыщыкIыдыкI ныбжьыщIыпIым я ислъэмкIи укъызэщIиIэтэрт, екIуэкI Іэхэгугъуэм фIыкIэ зэрыщыгугъыр къэрагъэлъагъуэу, мыхьанэр зэрыратыр къыхэущу. Лъэпкъ макъамэ дахэкIэ ирагъэжьа Іэхуэгугъуэм фIэхъус псалъэкIэ пищащ Апажэ Асльэн. Абы зэрыжиIамкIэ, «Пэрытхэм я зэщIэхъеенигъэм» кудзкIэ узыщегъэгъ, зыщIищыкI кьалэнхэр гъащIэм хэпща хъумэ, егъэджэныгъэ Іэнатlэми, щIэныгъэ Іажьыгъэми, гъэсэныгъэ Іэхэугугъэхэми фIы Іэджэ къыздэрикIуэнри щэч кьытрыуигъэхьэркъым.

- Гугъэр гъащIэм щыщщ, жалэ. Аращ итхэкIэ узыгъэкIуэтэр, гуращэхэм утеэзигъэлажьэр, хъуэпсапIэхэм уакIэлъэщIэзыгъэхьэр. Ди щIалэгъуалэр жэрдэмщIакIуэщ. Абыхэм я дуней лъагъуэкIэр иджыредй арыгъэкI ныбжьыкIэм и щIэжьыуэу фIэкIа пщIэнукъым – технологием и щхьэхэм фIыуэ щыгъуазэщ, бжьыгъэр тепъэщIапIэ зыщI щIэныгъэм мыбзаджэу хащIыкI. Я акъыпкъ етауэ щIэныгъэм ерыщу хэт щIалэгъуалэм ухьэпмыплъа гъэщIэгъэун куэд кьеухуэ, дунейм кьытрегъэхьэ. НапIэдэхьеигъэкIэ зызыхъуэж дунейм а къэхутэныгъэхэр зэрыхуэлэжьынур пщIэнчъ, апхуэдизкIэ я щIэщыгъуэгъэр мыхьэнэкIэ зэрыиным гу зылъыуеГатэрри. «Пэрытхэм я зэщIэхъеенигъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и кьызэгъэпэщащэкIэр хэбгъэувыж екIуэкI апхуэдэ жэрдэмхэр, пэхуэщIэхэр, кьэхутэныгъэхэр зэригъэуIуну, зым и щыщIэныгъэр адрейм зэригъэзэхуэжу, зым гу зылъытам адрейр щIегъэгъуазэу гукъэкIыр нэщIыса ищIыну, жылагъуэ мыхьэнэ иритыну. НыбжьыщIэхэр зиужь ит Іэхуэгугъэхэр къэралым и щIэныгъэм, гупыIэгъэ хэха зэрахуищIыр хьолъытагъуэ егъэджэныгъэIэнатlэмэзщхьэкIэхуэмыгъэкъаруну жэрдэмхэмкIэ ар щIегъэкъуэн хъуну зэрыхуэхьэзырым. Ди ефажапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм щIэныгъэмиеджэныгъэмэ эзфIэкIыфI щагъэлъагъуэ, Іэджэ гукъэкIи яIэщ, дунейпсо икIи урысейпсо утыкуэхэм ехьулIэныгъэфIэхэр щызыIэрагъэхьащ. Зэгухьэныгъэм и Іуэгугъуэ теувэмэ, я гуращэхэр унэтIа хъуну, Іуэзэгугъэну къысщохъу. Зыщымыгъэгъупщэ - гуращэ зиIэкIэращ жьыжьэ кIуэфынущ. Зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр Іуэзэгу махуэ теувэну си гуапэщ», – жиIащ Апажэ Асльэн.

Шыпш Асльэн къыхигъащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр мэкъумэщ Іуэхугъуэхэм нэхъ епхауэ зэрыщытыр, абы и зыужьыныгъэм хэгъэгум и щIэныгъэр зэрепхэр. «Мы еджапIэм щIэс щIалэгъуалэм къыхаха Іэщ Іагъэр щIыхур нэхъ зыхуэныкъуэ, абы и псэунигъэр лъэныкъуэ кудзкIэ зэпха Іэнатlэщ. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, мэкъумэщ щIэныгъэхэмкIэ зы щIэщыгъуэ гуэр къэзыхуэтэ щIалэгъуалэм я хьыбар кIоIу, ар щIэныгъэ дунейм хьэлэмэт къаззэрыщыщыхьэм епха псалъэмакъ гуапэкIэ кьытлъэIэс. ЩIэныгъэ Іэнатlэм кьыщыхэжаныкIахэм я лжжыгъэр щIыналъэм и жылагъуэ-экономикэ псэукIэр езыгъэфIакIуэ защIэщ, къакIэлъыкIуэну ныбжьыщIэхэм унэтlакIуэ мэз зэрахуэхъунуми шэч хэлъкъым. Апхуэдизу гукъэкIрэ жэрдэмрэ зиIэ щIалэгъуалэр псом ди зэхуэдэ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ телэжьэну зэрызэхъуэвэр, ди зэгухьэныгъэм кьыхьихьэну гупых зэращIар къыззрымыкIуэу гуапэщ. Аращ «Пэрытхэм я зэщIэхъеенигъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэр зытелэжьэну, аращ абы и щIыналъэ къудамэхэри зыхуущIэкъунур», – жиIащ Шыпш Асльэн.

- ГъащIэм и пIалъэ зыщIэ, дыщыпсэу щIыналъэм и щхьэхэныгъэхэм фIы дыдэу щыгъуазэ щIалэгъуалэ гупщ ди зэщIэхъеенигъэм къыхьыхэр. Абы гушхуэныгъэ кьытхелъхьэ, ди мурадхэр кьызэрыддэхуными шэч кьыгъдмыхьэжу дещI. Ди лъэныкъуэкIэ кьыхэфIыкъэ жэрдэмхэмрэ пэхуэщIэхэмкIэ щIэгъэкъуэн дыхъунущ, ИтIыр зэрыщIэмэ, зэротхъэщI, жаIэ. Абы хуэдэу, лъэныкъуэтIыр дызэхуэхуэвэмэ, зы гуращэм ерыщу дытелажьэмэ, дунейр кьытхуэхьэхунущ. ФефIэкIуэну си гуапэщ, – жиIащ Асыкинэ Татьянэ.

ЗэIущIэр Іыхитlу зэхэтащ: къэпсэльэныгъэр гъэпсэгъуэныгъэу. Зэхуэсым кьеблагъэ хьащIэжэм я къэпсэльэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, мэкъумэщ университетым щеджэхэм я зэфIэкIкIэр утыку кьыщащI, зи ужь ит пэхуэщIэхэр щагъэльагъуэ лжьыгъэ унэтlыныгъэйикIэ екIуэкIащ: еджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Іэщ Іагъэмрэ технологиемкIэ, волонтёр лэжьыгъэмкIэ, зыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щIыуэпсыр хьумэнымкIэ, туризмэмрэ зыпIэлъхьакIуэкIэ, спортымрэ Іэпкъльэпкъым зезыгъэужь щэнхабзэмкIэ, лжэныгъэмрэ Іэщ ІагъэмкIэ.

Сабийжэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Ялэ итхэм я зэщIэхъеенигъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм 2022 гъэм дыгъуэ Іаззэм и 18 - 20-хэм Мэзкуу щекIуэкIа Урысейпсо щIалэгъуалэ зэхуэсым кьыщыщзэрагъэпэщауэ щытащ. Абы щыгъуэ зэщIэхъеенигъэр зытелэжьэну унэтlыныгъэ 12-рэ лъапIэныгъэ 11-рэ яубзыхуауэ щытащ. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, «Фымрэ захуагъэмрэ», «Унагъуэ лъэш», «ПсэупIэ зыщIэныгъэ», «ГъащIэмрэ щыхьи и пщIэмрэ» жыхуиIэхэр. Зэхуэсым хэтхэм нэхъыщхьэу кьалъыта Іуэхугъэхэм ящыщщ «ЦIыхуу щытын», «Сыт щыгъуэ зэкъуэтын», «Ипэкlэ кIуэн», «Ялэ итын» жэрдэмхэр.

ШУРДЫМ Динэ.

● 2023 гъэм Егъэджакlуэмрэ унэтlакlуэмрэ я илъэсщ

Лъэхъэнэмрэ къалэнхэмрэ

КIуэ пэтми нэхъ къызгурыIуэ мэхъу сабийр гъэсэным, егъэджэным гугъуехьышхуэ зэрыпылъри, а Іуэхугъуэр нэхъ гугъу зэрыхъури. Уэ къыбдэплъейхэм, щапхъэ зэзыухъуэхъуэм ауэ кьыззэригуэкIыу уабгъэдэт хьунукъым. Араущ ущыпсэу зэманым къигъэув къалэнхэмрэ мурадхэмрэ ибгъэзэщIэн зэрыхуейим щэч щIыхэмыльыр. ЕгъэджакIуэм зэи зыщигъэгъупщэ хьунукъым и еджакIуэхэр гъащIэм зэрыхэбэкъуэну щIыкIэр езым зэрелъытар.

ЕГЪЭДЖАКIУЭ кьыззэригуэкIым и еджакIуэхэм щIэныгъэр хьэзыру ябгъэдельхьэ, егъэджакIуэфIым и еджакIуэхэм щIэныгъэр езыхэм зэрызыIэрагъэхьэным иужь итщ, жаIэ. Сыту пэж дыдэ а псалъэхэр. Дыщыпсэу зэманым кьезэгъынри араущ: езы еджакIуэхэм кьалъыхъуэу, кьагъуэту, щыхьэт техьуэжу, езыхэм я Іуэху елтыкIэрэ бгъэдыхьэкIэрэ яIэжу егъэсэныщ.

Кудзэ сигу кьокIыж «Дыщэ сом» хъыбарыр. Хъыбарым кьызэрыхэщыкIэ, езым кьимыIэжьа дыщэ сомхэр и адэм псым щыхэдзэм щIалэм игу кьеуакъым, ауэ и пщIэнтIэпскIэ хьилэжьа дыщэ сомыр адэм псым хригъэдзакъым. Апхуэдэщ цIыхур. Езым кьилэжьаращ нэхъ фIэIэсфIыр, нэхъ ихьумэр, нэхъ пщIэ зыхуищIыр. Сабийхэри араущ – езыхэм гугъуехькIэ кьалэжьыжьа ехьулIэныгъэхэр нэхъ кьащтэ, абыкIэ я щхьэр лъагэу яIъагъужри. Сэри сыхущIокIыу езгъэджэхэм ехьулIэныгъэ гуэркIэ къэйхьулIэну, абыхэм я фIыгъэкIэ еджэным нэхъ дихьэхын папщIэ. ЕджакIуэхэм хэхкъуэу я фIэщ пщIын хуейщ ехьулIэныгъэ зэпха, и щIэныгъэкIэ зигугъэ ищхьэрэ зэтелъ цIыхухэмрэ ныбжьэгъу пэж куэд зиIэхэмрэ

● ГъэщIэгъуэнщ

«Ажал фIыцIэм» япэу текIуахэм я щIыхькIэ

***Circassia Pharmaceuticals Plc жыхуаIэ британ фармацевтикэ Іуэхущ Іапл э абрагъуэр 1998 гъэм къэунэхуауэ щытащ. Circassia (Черкесия) компаниием къыщIегъэкI операцэ нэужьым цIыхум и узынщагъэр нэхъ псынщIэу зэтезыгъэувэж, аллергиер зыгъэхъуэж хущIэхъуэр. США-м, Китайм, Германиемрэ Швециемрэ ящIэмэ зыбжанэ къыщыдэIуэныхь «Черкесием» и унафэщI Херрис Стивен зэрыжиIамкIэ, а фIэщыгъэщIэр я Іуэхущ Іапл эм фIащащ ялэ дыдэу вакцинэр къыщагупсыса «Адыгэ къэралыгъуэу Кавказым щыIэ Черкесием и фэеплъу».*

ВАКЦИНЭР ялэ дыдэу къыззэрыунэхуа щIыкIэмрэ, къыщыщIэуахэ щIыпIэмрэ теухуауэ тхыдэм Іуэху епльыкIэ зыбжанэ къыжощIыж. Ауэ щIэныгъэлIхэмрэ тхыдэджхэмрэ зэдзэрэзыуэ щыхьэт тохъуэ вакцинэр ялэ дыдэу Черкесие къэралыгъуэм щыпсэу адыгэ бзыльхъэхэм къызэрагупсысам.

Алыдж дохутырхэу Тимонис Шмманэуэльрэ (1669 - 1720) Пиларинос Яковрэ (1659 - 1718) фэрэкIым и хущхъуэ къэгупсысыным ебакъуэрэ, Ауэ щIэныгъэлIхэмрэ тхыдэджхэмрэ зэдзэрэзыуэ щыхьэт тохъуэ вакцинэр ялэ дыдэу Черкесие къэралыгъуэм щыпсэу адыгэ бзыльхъэхэм къызэрагупсысам.

Алыдж дохутырхэм я Іуэхущ «Философские труды Королевского общества» тхылъыр. Апхуэдэ хущхъуэгъуэ гъэщIэгъуэным иужьыIуэкIэ тепсэлъыхьыжащ а лъэхъэнэм инджылыз лIыкIуэу Истамбыл щыIам и щхьэгъуэ Леди Монтегю. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, узэщIакIуэ Мэри Константинополь щыщыIа 1716 - 1718 гъэхэм зригъэщIыхуат адыгэ бзыльхъугъэ тельыджэ, абы и хэку жыжьэу Черкесием фэрэкIым зэрыпэщIэт Іэмалхэр къыжезыIар. Алыдж дохутырхэм кьагупсыса вакцинэм ебакъуэрэ, Леди Мэри и къуэр фэрэкIым щихъумэн папщIэ хригъэлъхьар а адыгэ бзыльхъугъэм къыжриIа къыжриIа щхьэрэ щIегъэжьа, инджылызкэм ирахьлIэу щIадзащ, уеблэмэ пащтыкъ унагъуэми зыхрагъэлъхьауэ щытащ. Пэжу, ялэщIыкIэ дохутырхэм Іумпэм ящIащ апхуэдэ Іэзэкlэр, ауэ ваккцинэр зыхэзылъхьахэм сэбэп кьаззэрыхуэхъур, фэрэкIым илIыкIым я бжыгъэм зэрыхэщIыр къащIигуры Іуэм, Европэ псом къыщIатащ. Апхуэдэу, Дженнерым и вакцинэ цIэрыIуэу 1796 гъэм къэунэхуам илъэс 50 ипэкIэ Европэм щащIыхуащ Кавказ жыжьэм къикIа адыгэ бзыльхъугъэм и хэкум ижь-ижьыж лъандэрэ кьыщагъэсэбэп Іэзэкlэр.

Иджыри 1711 гъэм Кавказым щыIа франджы зыпIалъхьакIуэ Абри де ла Мотт-рэ итхыжауэ щытащ фэрэкI зэфIэкI адыгэ хъыджэбз цIыкIум вакцинэ зэрыхалъхьам! «Адыгэ бзыльхъугъэхэр зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэу теплъафIэ защIэщ. Абыхэм фэрэкI напэ яхэту зэи срихьэлIакъым. Щысхь зымыщIэ я узыфэ зыинагъуэм зэрыпэщIэт Іэмалхэм сыщыщIэупщIэм, мыр кьызжаIащ абыхэм: «ФэрэкI зиIэм и щIыкIэм кьытрящIэ шын-хэтэсым щхьщ кьыдощтэ, узынщэм и лъынтхуэр доуIэри, и лъым хыдоплъэ. Абы узыр кьыуиныгъуэлIэркъым». ЖаIэ зазкъуэ мыхъуу, сагъэльагъуат ар зэращIыр... Ильэситху зи нЫбжьакIи хъыджэбз цIыкIур кьащтэри, илъэсищым ит щIалэ цIыкIу сымаджэм деж яхьащ. Иужьрейм фэрэкI зыгъэзыр, и щIыкIэм кьиткIуэткIуэ псыбыб цIыкIуэм шын ирищIэн щIидзагъэхъэху. Фызыжь гуэрым мастищ зэкIэрыпхауэ кьищтэри, и лъатэм, и гум, бынжэм хуэзэу, Іэгу ижым, пъэдий сэмэгум хIури, лъы кьригъэжащ. ИужькIэ щIалэ цIыкIум и щIыкIэм шын кьытрихри, хьыджэбз цIыкIум и уIэгъэхэм деж трицIэлъащ, и лъым хипщэу».

Зэрытлъагъуащ, Леди Мэри Монтегю Истамбыл кьыщихута хущхъуэгъуэр 1711 гъэм Адыгэ хэкум кьыщагъэсэбэпу щытагъэхэщ. Ауэ щыпхъуэкIэ, адыгэхэм нэхъапэуэкIэ ящIэу щытащ «жаIэ Фыцым» и Іэмалыр.

ФЫРЭ Анфисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Іуэхутхъэбзэхэм я уасэм щIыхэхъуэр

Иужьрей зэманым дзэм еIэзэ дохутырхэм тхьэусыхафэхэр яIэщ зыхуей хущхъуэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ къащащхуну хуиту зэрамыгъэтымкIэ.

«РБК» кьыдэкIыгъуэм зэрыжиIэмкIэ, «Убистезин» препаратыр иджыпсту егъэлеяуэ зэпэубыдащ, ар иджыпстукIэ къэзыгъэсэбэпыр гъэтIылъыгъэ зиIа стоматологэрэщ.

- «Убестизин»-р иджыпсту ди къэралым щыбгъэзэтынукъым. Ауэ ар зэрызэпхъуэкIын препаратхэр Урысейми кьыщыщIагъэкI. ЗэрызэщхьэщыкIым и гугъу пщIымэ, ипэжыпIэкIэ дэ ди хущхъуэр и фIагъэкIэ нэхъ мыхьэнэншэщ, - жиIащ стоматологие центр зыбжанэм я медицинэ директор Кобэ Святослав.

Стоматологие ІэмэпсымэхэмкIэ гугъуехьэр щыIэщ. ФIагъ пылъу зи Іажьыгъэр зыгъэзэщIэну хуей Іэщ ІагъэлIхэм къаГъэсэбэпыр хамэ къэрал кьыщыщIагъэкIэрщ. Езы дэдохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, щытыкIэр гужьеигуэ дыдэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нэхъ мыхьэнэншэм, апхуэдизкIэ ди къэралым нэгъуэщI щыпIэхэм щащIауэ бгъуэтынущ. Мы Іуэхум и щыщIэныгъэ нэхъыщхьэ Іэзэ епха медицинэ Іуэхутхъэбзэхэм я уасэр фIыуэ зэрыхэхъуэнурщ.

Псэукlэр щынэхъыфI щытыкlэ

«РИА Новости» хъыбарегъащIэ агентствэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу цIыхухэм я псэукIэр щынэхъыфI щытыналъэхэр къхутэнымкIэ къэпщытэныгъэхэр.

НАIУЭ кьызэращIамкIэ, ялэ итыр Москва, Санкт-Петербург къалэхэмрэ Москва областымрэщ. Іэщ ІагъэлIхэм кьыхэгъэщ, илъэс куэд, хъуэуэ а хагъэгуащIыр пэрытхэм зэращIыщыр, къапщтэмэ, нэгъабэрей къэхутэныгъэхэм ебгъапщэмэ, зэхъуэкIэныгъэшхуэ зэрыщымыIэр. Псалъэм папщIэ, щIыналъэ мыхьэнэншэщ, - жиIащ стоматологие центр зыбжанэм я медицинэ директор Кобэ Святослав.

Стоматологие ІэмэпсымэхэмкIэ гугъуехьэр щыIэщ. ФIагъ пылъу зи Іажьыгъэр зыгъэзэщIэну хуей Іэщ ІагъэлIхэм къаГъэсэбэпыр хамэ къэрал кьыщыщIагъэкIэрщ. Езы дэдохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, щытыкIэр гужьеиГуэ дыдэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, нэхъ мыхьэнэншэм, апхуэдизкIэ ди къэралым нэгъуэщI щыпIэхэм щащIауэ бгъуэтынущ. Мы Іуэхум и щыщIэныгъэ нэхъыщхьэ Іэзэ епха медицинэ Іуэхутхъэбзэхэм я уасэр фIыуэ зэрыхэхъуэнурщ.

Сербиери къахохьэ

Урысейм санкцэ къезыщIылIэ къэралхэм кIуэ пэтми къахохьэ. Мыгувэу абыхэм къахьыхьэнущ Сербие къэралыгъуэри. Апхуэдэ унафэ кьищтэну къызэрыпэщIыкIыр иджыблагъэ журналистхэм щепсалъэм кьыхигъэщащ а къэралым и Іэтащхьэ Вучич Александр.

«КЪУЭКIЫПIЭ къэралхэм кьызэрыттракъуэм кьыхэкIыу Сербием Урысейм санкцэхэр иригъэлIэн хуей хъунущ. Иджыри къэс зэрыхъукIэ зэтетIыгъащ, иджы Белградри мыгувэу а Іуэхум хьыхьэнущ», - жиIащ Вучич.

Нэхъапэ Іуэхэ Сербием и Іэтащхьэм кьыхигъэщауэ щытащ КъуэкIыпIэм Урысейм пэщIэту иригъэкIуэкI политикэм кьыхэкIыу я къэралыр щытыкIэ гугъу кьызэрихутар икIи жиIат ар ядИыгъэну зэрымыхьэзырыр. Урысеймрэ Сербиемрэ Іуэхугъуэ зыбжанэкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытащ. Апхуэдэу, ИтIани, бийр зы лъэбакъуэкIэ ипэкIэ кIуэтакъым».

Сталинград зыхъумахэм яхэтащ СССР-м и зэманым къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ хъуа, зауэм политрукыу хэта Мэлбэхъуэ Тимборэ Къубатий и къуэр, танкхэм япэщIэт взводым и командир Нэхущ Борис (зауэ нэужьым генерал-майор хъуащ), дивизэм и пIасхьэсым Маглуев Мустэфа, лагъымыдз взводым и командир КIыщокъуэ Алим, дзэ корреспондент Кулиев Къайсын, топгъауэ ТIыхъужь Алий, связистхэу Къалмыкъ Тамарэ, Базоевэ Саниятсымэ, санинструктор Некрасовэ Лидие, лейтенант НэкIаев Анатолэ, сержант Расулов Мурадин, зауэлI Абазэ Хьэсэн, политрук Гъудз Данил, подполковник Тарасов Павел, лейтенант Тыкъуэ Къубатий, сержант Ступак Константин сымэ.

«Сталинград» псалъэр текIуэныгъэм и дамыгъэ хъуащ. Индыл Іуфэм щызыIэрагъэхьа текIуэныгъэм цIыку мелуанэхэм тригъэгушхуэр. Абдежым Дзэ Плъыжьым езым и закъуэуи Германием къикIа зэрыпхъуакIуэхэм зэратекIуэфынур я фIэщ хъури, СССР-м и дамэгъуэр етIуанэ фронт кьызэрызэIуахьыным иужь ихьахэщ.

ГУГУ Маринэ,
тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м Гуманитар къхэутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэрыпхъажьэ нэхъыщхьэ.

● Егъэджакlуэ унэтlыныгъэ

Іуэхущ Іапл эм фIащащ ялэ дыдэу вакцинэр къыщагупсыса «Адыгэ къэралыгъуэ Кавказым щыIэ Черкесием и фэеплъу»

2023 гъэм мазаем и 2-м илъэс 80 ирикъуащ Хэку зауэшхуэм мыхьэнэшхуэ щызыубыд Сталинград зауэзэрыIыр. А махуэхэм Индыл Іуфэм щызэхэкIырт ди къэралым и натIэ хъунур. Нэмыцэдэр зи нэIэ щIэт вермахтым 1942 гъэм Урысей Ипщэм щыIэ советыдзэр зэтриукIэу, Кавказым и хъуэфIыгъуэхэр зыIущIилъхьэну тегушхуэрт. Ауэ фашистхэм я мурадхэр къехъулIакъым. Сталинград деж биидзэр щызэрызэтракъутам къыкIэлъыкIуащ зыхуей хэзэ, Кавказ Ищхъэрэ обгъэрыкIуэныгъэри.

1943 ГЪЭМ щIышылэм и 11-м Дзэ Плъыжьым Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм кьалэщIихыжащ, хуэмурэ адрей гьнэгъу щIыналъэхэри хуит кьищIыжащ.

1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м щIидзэри, 1943 гъэм мазаем и 2 пщIондэ екIуэкIащ Сталинград зауэзэрыIыр. Жэщ-мазэ 200-кIэ зэпыуакъым лъэныкъуитIым я зэпэщIэтыныр. Абы кьызэщIиубыдащ километр зэбгъуэзнатIэу 100, фронтым и кIыхьагъыр километр 400 - 800-м нэсырт. И гуащIагъкIэ зэбгъэпщэн умыгъуэт мы зауэзэрыIым фашист зэрыпхъуакIуэхэр щызэтракъутащ. ЛъэныкъуитIми щыщу абы цIыху мелуани 2,1-рэ хэтащ.

Зауэзэрыпхъэр Іыхьитlу егуэш: кьалэ бгъэдыхьэпIэм щекIуэкIа зауэзэкъэ советыдзэм иригъэкIуэкIаебгъэрыкIуэныгъэмрэ.

«Сталинград зауэзэрыпI» зыфIэпщIыну зэхэуэшхуэр бийр Индыл Іуфэм щыщIыIуэа 1942 гъэм и гъэмахуэм щIидзащ. 1942 гъэм и кум щегъэжьауэ зэхэуэр кьалэ кIуэщIым щекIуэкIащ. Унаеэр яIэщIэпIэ генералхэу Чуйков В. И., Родимцев А. И., Шумилов М. С. сымэ.

ФокIадэм и 13-м бийм кьалэкъум еуэн щIидзащ. Гу лъытапхъэщ хьэуам щызауэ кьарухэмкIэ нэмыцэхэм Сталинград зыхъумэхэм хэщIыныгъэшхуэ зэрыратыфам. Кьалэм щыщу кьэнэжар кьутахуэ защIэт, апхуэдизкIэ лагъымрэ топышэкIэ нэмыцэдзэр абы кьыхуэхуэти. Жэпуэгъуэм и пэм вермахтыр кьарууэ иIэмкIэ кьебгъэрыкIуащ Сталинград. Кьалэм дэт Трактор заводым и Іыхьэзэ нэгъуэщI зыбжанэрэ зыIэригъэфэхьат бийм. Хуэмурэ нэмыцэхэм я хэщIыныгъэхэр нэхъыбэ хъуащ. Иужьрейуэ абыхэм я кьарур кьыщагъэгъуэжар щэкIуэгъуэм и Іуэху.

Совет сэлэтхэм кьалэн нэхъыщхьэу япэ Іыхьэм зыщыхуагъэувыжыр кьалэм дэмыкIынрати, ар кьехъуIащ, кьинэмыщIауэ тank 1000, лагъымыдзрэ жыжьэрэ Іэщэу 1400-рэ, кхъухьлъатэу 1400-рэ хуэзтрахьэтауэ щытащ.

1942 гъэм и щэкIуэгъуэм - 1943 гъэм и дыгъэгъаззэм зауэзэрыIым и Іумпlэр советыдзэм кьыIэрыхьакIэт. Дзэ Плъыжьым, зихьумэжьым кьытекIри, бийм ебгъэрыкIуэн щIидзащ. Абы кьыхэкIыу, мы зауэ Іыхьэм «Іуэху зэзэгъэкIыпIэ» цIэр игъэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьуэ куэд хэтащ Сталинград зауэзэрыIым. Танкым и командир, лейтенант нэхъыщIэ АфIэунэ Батырбэч Сталинград деж щызэрыпхъэ Іыгъэм папщIэ Бэракъ Плъыжьым и орденыр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. Абы биидзэм щыщу зауэлIи 115-рэ офицери 5-рэ иукIащ, бийм и пулеметрэ лагъымыдзу 3, хьэлъэзешэ машинэу 3 кьигъэуат.

Лагъымыдз ротэм хэту Сталинград деж, щызэращ БозиевАхъмат. 1943 гъэм Налшык кьыщыдэкI «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым кьиГэхьа тхыгъэм абы щыжиIэрт: «Кавказыр зыхъумэхэм, Сталинград деж щызэуахэм я хьэл зыхэфIыхьи, фашистхэр зэтевыкIэ, ефхужьэж...

Невский Александр и цIэр зезыхьэ орденым и етIуанэ нагъыщэр Сталинград деж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ кьыхуагъэфэщауэ щытащ фочауэ батальоным и командир Цыбулин Степан. Абы и унафэ щIэт сэлэтхэм Сталинград деж щыIэ зы уву IэпIэ бийм ирамыту махуэ 20-кIэ яхъумащ. 1942 гъэм я Іуэхум теухуауэ «Правда» гъэзетым итхыжащ: «Батальоным лагъымымрэ щэмрэ, уэм хуэдэу, кьытелъалъэрт. Ар зэзыхьэ щIэныгъэхэм я Іуэхум теухуауэ я Іыхьэм зыщыхуагъэувыжыр кьалэм дэмыкIынрати, ар кьехъуIащ, кьинэмыщIауэ тank 1000, лагъымыдзрэ жыжьэрэ Іэщэу 1400-рэ, кхъухьлъатэу 1400-рэ хуэзтрахьэтауэ щытащ.

1942 гъэм и щэкIуэгъуэм - 1943 гъэм и дыгъэгъаззэм зауэзэрыIым и Іумпlэр советыдзэм кьыIэрыхьакIэт. Дзэ Плъыжьым, зихьумэжьым кьытекIри, бийм ебгъэрыкIуэн щIидзащ. Абы кьыхэкIыу, мы зауэ Іыхьэм «Іуэху зэзэгъэкIыпIэ» цIэр игъэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьуэ куэд хэтащ Сталинград зауэзэрыIым. Танкым и командир, лейтенант нэхъыщIэ АфIэунэ Батырбэч Сталинград деж щызэрыпхъэ Іыгъэм папщIэ Бэракъ Плъыжьым и орденыр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. Абы биидзэм щыщу зауэлIи 115-рэ офицери 5-рэ иукIащ, бийм и пулеметрэ лагъымыдзу 3, хьэлъэзешэ машинэу 3 кьигъэуат.

Лагъымыдз ротэм хэту Сталинград деж, щызэращ БозиевАхъмат. 1943 гъэм Налшык кьыщыдэкI «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым кьиГэхьа тхыгъэм абы щыжиIэрт: «Кавказыр зыхъумэхэм, Сталинград деж щызэуахэм я хьэл зыхэфIыхьи, фашистхэр зэтевыкIэ, ефхужьэж...

Невский Александр и цIэр зезыхьэ орденым и етIуанэ нагъыщэр Сталинград деж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ кьыхуагъэфэщауэ щытащ фочауэ батальоным и командир Цыбулин Степан. Абы и унафэ щIэт сэлэтхэм Сталинград деж щыIэ зы уву IэпIэ бийм ирамыту махуэ 20-кIэ яхъумащ. 1942 гъэм я Іуэхум теухуауэ «Правда» гъэзетым итхыжащ: «Батальоным лагъымымрэ щэмрэ, уэм хуэдэу, кьытелъалъэрт.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзэ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Нобэрей Іуэхур пщэдей пумыгъаплъэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ академик, хеттолог, Истамбыл (Тырку) щыпсэу адыгэлI нэс **Чурей Алий** дунейм зэрехьажар хуабжу гущIыхьэ тщIыхуащ икIи и благъэхэмрэ Іыхьлыхьэмрэ дахуогуэшэ.

«Адыгэ псалъэм» и редакцэр я лжьэгъуэ щыта **Уэртэн Марьянэ Хьэжмурид и пхъум** хуогушэ абы и адэ **Уэртэн Хьэжмурид Исмэхьил и къуэр** дунейм зэрехьажам къыхэкIыу. Ахърэт нэху Алыхьым кърит!

Мазаем и 17, *мэрем*

♦ГумащIагъэр къэгъэлъэгъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей студент гупхэм я махуэщ

1935 гъэм СССР-м и Іт1ыхубэ Комиссарэм я Советымрэ ВКП (б)-м и ЦК-мрэ «Москва Союзпсо мэкъумэщ выставкэ къыщыщIэгъэпэщыным теухуауэ» унафэр къащтащ.

♦1923 гъэм кьалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКЪМУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **Къумахуэ Башир.**

♦1958 гъэм кьалъхуащ журналист, КъБР-м и Правительствэм и саугъэтыр зыхуагъэфэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист **Хьэгъундокъуэ Сэлисэт.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты кIэ, Налшык уфаущ щIыщIынущ. ЩIыIэр маухуэм градуси 2 - 1, жэщым градуси 3 - 2 щIыхьунущ.

Адыгэм и блэкIар къэтIэщыным, и цIыху пажэхэм я цIэ фIыкIэ къиIэным, абыхэм я Iуэхущ1афэр нэхъыбэм къегъэщIэным, жыпIэнурамэ, лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэху лэжьыным зи гъащIэр щхьэуэзыхь хуэзыщI бзыльхугъэ щыпкъэщ, ди къалэмыр нобэ къызыхуэтщтар. Зи Iэнатlэм псэ хъэлэлкIэ пэрыт, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым адыгэбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхъзыр и редакцэм и редактор нэхъыщIэ, журналист цIэрыIуэ Хьэгъундокъуэ (Бей) СалисэтАхьмэд и пхъум дохъуэхъу къыщалъхуа махуэмкIэ, унагъуэм – насыпрэ гуфIэгъуэрэ, лэжьыгъэм – екъулIэныгъэрэ гукъыдэжрэ щыщымыщIэну ди гуапэщ.

САЛИСЭТ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост (Къармэхъэблэ) къуажэм 1958 гъэм мазаем и 17-м къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и филологие факультетым «Урысыбзэмрэ литературэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ» Iэщ1агъэр щызэриГъэгъуэтащ. Аргуданкъуажэ школым егъэджакIуэ лэжьэн щыщIидзащ абы. Иужькъэ КъБАССР-м и къэрал музейм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу, «Эльбрус» тхыльтедзапIэм и корректору щытащ.

Телеведенэм 1992 гъэм щылэжьэн щIидзащ сабий нэтынхэм я редактору. Зэман зэхуэмыдзэкIэ Салисэт ирихьэкIащ КъБР-м и КъТРК-м сабий, щылэгъуэлэ программэхэм я редакцэ нэхъыщхьэм, художественнэ нэтынхэм я редакцэм я къудамэхэм я унафэщI къулыкъуэхэр. 2005 гъэм къыщыщIэдзауэ Хьэгъундокъуэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м («1 КБР») нэтынхэр адыгэбзэкIэ зыгъэхьэзыр и къудамэм и редактор нэхъыщхьэщ. Псори зэхэту зэрылажьэ илъэс 40-м нэблагъэм щыщу илъэс 30-м Салисэт пэрытщ телевидензм и Iэнатlэм.

Хьэгъундокъуэ Салисэт Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм щIыхь зиIэ я журналистщ.

Iуэху гугъуэхэр зэпкрыхьыным, абыхэм ехьэлIа еплъыкIэ зэхуэмыдэмыIуэмыкIуэхэр къызэщIэкъуэным тегушхуауэ зезыпщытыф журналист закъуэтIакъуэхэм ящыщщ Салисэт. Телеведенэм щылэжьэн зэрыщIидзэрэ абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ я зэхэлъкIэкIэ, я жыпхъэкIэ зэхуэмыдэ нэтынхэр (адыгэбзэкIи урысыбзэкIи) куэд дыдэ. А телепрограммэхэм ящыщ куэд къыщатащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, хэхэс адыгэхэр щыпсэу къэралхэу Иордаием, Тыркум, нэгъуэщI щыпIэхэмкI. Салисэт игъэхьэзыра документальнэ, телевизионнэ фильмхэр, серие куэд хьу телепроектхэр ди телевизореплъхэм яфIогъэщIагъэнщ, абыхэм щIэупщIащхуэ яIэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм пащIэ, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхуэхэм щытепсэлъыхь «Акъылзэкъдзэ» (режиссёрыр Сэралъп Самарэщ) клубыр. Хьэгъундокъуэм и гущIэм и Iыхьэ нэхъ ин дыдэщ икIи нэхъ лъэщIэ илъэс пщыкIутхум щIигъуэкIэ зэлэжьа щэнхабзэщIэныгъэ, щэнхабзэ-тхыдэ цикл программэхэр («Гъащ1э гъуэмылэ», «Дэкlуеиплэ», «Гъуэзджэм и бзэкIэ»). Абыхэм я фIыгъэкIэ Салисэт хуэфIэкIащ лъэпкъ щэнхабзэм ехьэлIа куэд къызэщIикъуэм. «Гупсыси псалъэ» джэгум, «Лэгъупыкъу» сабий нэтыным я мыхьэнэр-щ?! Къыпхуэмылытэным хуэдизщ!

Щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ иджырей адыгэхэм я гущIэм теухуауэ ищIа лэжьыгъэшхуитIыр. 2004 гъэм Салисэт трихащ Тыркум щыпсэу адыгэ диаспорэм я гъащIэр къэзыгъэльагъуэ, серие 12 хъу «Илъэсищэрэ плIыщIрэ дзкIауэ» телефильмыр (реж. Абазэ А., опер. Хьэнэ А.) А проектыр зэдащIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист Ширдий Маринэрэ Салисэтрэ. Абыхэм километр мин бжыгъэхэр щызэпачащ хуабэр градус 40-м щынэс щIыналъэм. Километрым 18 хъу камерэр оператор Хьэнэ Альберт и пIэ илъу, кассетэхэмрэ камерэм и хьэпшыпхэмрэ зэрыпь сумкэр щIыхуитIым зэпаIыгъыу... адыгэхэм я унагъуэ ихьэрт аращ. Ауэ уэзыщIуфIыкIынщ абы къикIуар: нобэр къызэдсым а фильмыр ящIэж, Салисэт зэрыжиIэмкIэ, зэман щIагъуэ дзкIэрэкъым абы щIэлъэгъуэ хэхэс адыгэхэм ехьэлIауэ зыгуэркIэ кьемыупщIу, я гугъу ирамыгъэщIу.

Глобализацэм къишэ ныкъуасныгъэхэм, зэманым хамыгъэшIэсыхьыжу адыгэ пIэлъкIым зэрызихуэмэжым хуейм теухуа кьыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэт сериеу 7 хъу «ПIэдэйм узышэ гъуэгу» телефильмыр (опер. Хьэмыкъуэ О., Щоджэн И.), «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-мрэ «Адыгэ уна» тыкуэнымрэ (унафэщIыр Iутlыж Мэжидщ) я проктыр щытрахащ хы фIыщIэ Iуфэм, Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым. Адыгэ лъэпкъым и дэтхэнэ лIакъуэ-ми теухуа тхыдэ хэтыр ящыщу адыгэ фильмым, абы щolу адыгэ лъэпкъым и псэлъэкIэ, диалект псори, уеблэмэ Iубыхэмэ ящыщу къэна иужьрей цIыхум и макъыр. Телепроектыр гулъытэншэу кьиргъэнакъым Адыгэ Республикэм: 2014 гъэм абы къыщIэкIащ Сталисэт кьыфIащащ «Адыгеим щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ТВК-м адыгэбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр и редакцэм и лэжьыгъэр Iэкlуэлъакlуэ зэрызэкIэлъыгъэкIуэм кьыфIащащ «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист Ширдий Маринэрэ Салисэтрэ. Абыхэм километр мин бжыгъэхэр щызэпачащ хуабэр градус 40-м щынэс щIыналъэм. Километрым 18 хъу камерэр оператор Хьэнэ Альберт и пIэ илъу, кассетэхэмрэ камерэм и хьэпшыпхэмрэ зэрыпь сумкэр щIыхуитIым зэпаIыгъыу... адыгэхэм я унагъуэ ихьэрт аращ. Ауэ уэзыщIуфIыкIынщ абы къикIуар: нобэр къызэдсым а фильмыр ящIэж, Салисэт зэрыжиIэмкIэ, зэман щIагъуэ дзкIэрэкъым абы щIэлъэгъуэ хэхэс адыгэхэм ехьэлIауэ зыгуэркIэ кьемыупщIу, я гугъу ирамыгъэщIу.

Глобализацэм къишэ ныкъуасныгъэхэм, зэманым хамыгъэшIэсыхьыжу адыгэ пIэлъкIым зэрызихуэмэжым хуейм теухуа кьыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэт сериеу 7 хъу «ПIэдэйм узышэ гъуэгу» телефильмыр (опер. Хьэмыкъуэ О., Щоджэн И.), «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-мрэ «Адыгэ уна» тыкуэнымрэ (унафэщIыр Iутlыж Мэжидщ) зэрыпхъэщIыкIыжу, арщхьэкIэ нэхъыжьыIуэхэм зыкъыгъэзэгъэзэмэ, Iуэхур и пIэм зэримыкIынур къыдгурыIуэри, зызыщIэтIуплащ, гугъуехь ирокъ дызэкъуэту кьыздэнэжкIащ. Иджьпсту дызыщIэхъуэпсам хуэдэ сэтудие диIэщ, дызэрыплажьэн IэмэпсымэхэмкIи дыкъызэгъэпэщащ, сыт хуэдэ нэтынэ зыхуэщIын щIалэгъуалэ хъарзынэ кьытщIохьуэ, - жиIэ Салисэт.

Дызэрыщыгъуаэращи, телевидензм ехьэлIа лэжьыгъэр гуп псо зыпэрыт Iуэхущ, гъэхьэзырымэ деж кьыщыщIэдзауэ ар телевизореплъхэм я деж нэгъэсынкIэ щыщIэкIыжу. Сэлисэт фIыщIэр и закъуэу бгъэдэплъхьэу, зы щIыпIэ и гугъуехьи хэбгъэкIуадзу кьыпхуэдэнукъым.

- Редактор нэхъыщхьэм и къалэнэр тележурналистхэм чэнджащ иритыну, абыхэм къэрхьэлIа лэжьыгъэр кьыпщытэну арамэ, нэтыныр гъэхьэзырымкIэ пэрыт цIыхум и гугъуехьыр щIэупщIэну, нэгъуэщI Iэджи пыщIащ абыхэм я лжьыгъэм. Нэхъ гугъу дыдэ ехьу къэсплъэтэри ахэращ, - кьыхэгъэщ Салисэт.

А зи гугъу ищI журналистхэри - езы Салисэт кьыхуэразыщ. Къэзэтэнщ Хьэгъундокъуэм и унафэм щIэту лажьэ хъыджэбз зы-тIу. «Лэжьэн зэрыщIэздзэрэ Салисэт и чэнджащ щхьэпэжэр сэбэп кьыщыхсуэмыхъуэ кьэхъуэкым, - жиIэ Джэду Сэкинат. - НэтынкIэ згъэхьэзырым щIэздзэн iпэ зыхузогъаз зи унафэщIым, зэрыхъунугъэзыщIыжыр, зыхуэIэри зы тхыпхъэ гъэщIагъуэну лэжьыгъэр си нэгу кьыщIохьэ. ТекIын дыуха иужьи гуитIщхьитIыгъэр щыщIхьащIыкIэр Салисэт еплъыжа иужьщ. Щыыгъэгъэ е гу зыIыпсатапхъэ щызыгъэльагъуэкIэ соукIыетэ, апхуэдэуи экраным мыкIуэ щыщIкIэ кьызэрибыдыжкам сыщогъэгъпIкI. Ар, кIэщI дыдэми, лжьыгъэм ехьэлIарщ. Цыхуэгъэ и лъэныкъуэкIэ Салисэт хуэдэ цIыху зэпIэзэрыт къэгъуэтыгъуейщ. Дызыхь хуэпщIа зы псалъэ дунейм кьытехьауэ зэзэхэзыпхуэкъым, губгъапIэдэх зэрыпхъэхуэм ещхьыркъабзэу и Iэр кьыызыпелкIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуи ди кьыщIигъэжьэнущ. Ар сэ мызэ-мытIэу згъэунэхуащ. Сыхуейщ ди унафэщI IущIыр, и чэнджэщыфIхэр кьыдихьэзIлIэу, иджыри илъэс куэдкIи ди япэ итыну».

«Сабийр бгъэсэнумэ, псалъэкIэ яужь уимыхьэ, щапхъэ хуэхъу жаIэ. Апхуэдэущ дэ Салисэт кьыззэрытхущытыр. Егъэлеяуэ екъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ телевидензм 2009 гъэм сыкьыщыкIуам Салисэт и унафэм щIэт адыгэ кьудамэм лэжьэн зэрыщыщIэздзар, си япэ нэтынхэм деж щыщIэдзауэ и нэIэ тету Iэщ1агъэм сызэрыхишар. Езым и журналист лэжьыгъэкIэ егъэлеяуэ куущи, Салисэт ещхьу и Iэщ1агъэ кьыхихар. Хуэфащэщ, абы иролэжьэф сэри кьысхужаIэну сыхуейщ. И цIыкугъэкIэ Хьэгъундокъуэм хуэдэ уигъэлъыхъэнщ, цIыху пэжщ, цIыху нэсщ. КуэдкIэ абы елъытащ кьудамэр зэрылажьэр, абы и журналистхэр зэрызэгурыIуэр. Си гугъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр телевидензм и адыгэ редакцэм Iэнатlэм хуэфащэ, хуэпэж, ар фIыуэ зыльагъуэ гуп дыдэ кьыщызэрыпэщащ. - жиIэ Жьашуты Залинэ.

«Телевидензм лжьэпIэ сызэрыуврэ илъэс ныкъуэ хъууэ аращ. Ялэ нэтыныр тесхынэ сыдэкIын хуейт. Салисэт пщэдджьыжьым зыспсалъэри зы щхьэкIи сымышынэну, сымыгузэвану кьыззэкIат. Ар куэд и уасэщ си дежкIэ, зэуэ си кьарур си фIэщ хъуащ, гузавэр сщхьэщыкIащ. Абырэ мыбырэ я зэхуакум гукъэкI зиIэ, ди гупсысэр нэсу кьызыгурыIуэ, сыт и лъэныкъэкIи кьыддэзIэпIыкъу редактору сэри си лжьэгъуэхэми кьыдбгъэдэтщ ар. ФIыуэ дунейм тетыр кьеХъулIэну си гуапэщ, икъукIэ сыхуэзарэзыщ, - кьыдджелэ Лаурэ.

«Бзылъхугъэ щыпкъэр, цIыху Iущыр, пэжьакIуэ гумызагъэр, ныбжьэгъу пажьир, анэ гумащIэр и гурыльхфI псоми Iэкъ телэбэну, зэушыгъэрэ гукъыдэжрэ щымышIну сыхуохьахъуэ», - кьыхихгъэщащ Жьлокъуэ Люсанэ.

Куэдрэ кьохъу цIыхум щыугъэ щыIэщIэкI. Апхуэдэ зы щыугъэщ Салисэт игъэхьэзыра нэтынхэм, трихэ фильмхэм дытетхыхьурэ езым и лжьыгъэ нэрылъагъу-нэрылмылъагъуэ журналистхэм IэпэдзгъэлIап зэрытщIар. Ар икIэщIыпIэкIэ зэгъэззэхуэжьын хуей Iуэхущ, сыту жьыпIэмэ IуэхущIафэ ин зиIэ, езы Салисэт и псалъэкIэ жьэсIэщи, ди тхыдэм, щэнхабзэм, литературэм телъжьэным, адыгэбзэ зыщIэрэ адыгэгу зиIэрэ кьэпльхьуэным гуащIэшхуэ тезыгъэкIуэда бзылъхугъэ емызэшIжщ ар.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Псапэ

Гъунэ зимыIэ гуауэр зытепсыхахэм ядэIэпыкъуэ гъунэжщ

Тхъэмахуэм щIигъуащ Тыркумрэ Сириемрэ я щIыналъэхэм гуауэшхуэ къэзэрытепсыхэр. Мазаем и 6-м и пщэдджыжьым щIыр щыхъейри, унэ куэд щIэзэрикIуэтащ абы. А махуэм щегъэжьауэ я къэрал 75-м икIри Тыркум кIуащ къеГъэлакIуэ 6479-рэ. Абыхэм яхэтщ Урысей Федерацэм и МЧС-м и лэжьакIуэхэри.

КъЕГЪЭЛАКIУЭХЭМ цIыху мини 8-м щIигЪу псэууэ кьыщIахьжащ Тыркум и уэз зэтещIэха мини 6-м нэблагъэм. Хэкlуадзэхэм я бжыгъэ мин 30-м щIигъуащ. Тхъэмахуэ псокIэ дуней псор кIэлъыплъащ щIыIэ-ми сабэми имыгъэдзыхэу, замыгъэхьэйуэ, псы къудей емыфэу бетон зэтещхахэм кIэщIэлъа цIыхуэхэр къызэрыгъэльым, тхъэмахуэщ, мазитI фIэкIа мыхъу сабийхэр къызэрыщIахьжым, зэадзэпхъуэхэр, зэанэ-зэкъуэжэр къызэрагъэтыжым, дунейр щыIэжу зимыгугъа нанэр зэрыщщасам хуэдэу щысу къызэрагъэтыжам. Сыту гущIыхьэт и щхьэгъусэмрэ и бынипIэр зыщIипIэта щIыпIэм дже щыс, нэпси къыщIэмыкIыжрэ псэи хэтIужу умыщIэну гуIэ щIыхухъуэ уепльыну, щIы хьэйм зи гъащIэр кьыззэпигуIыба ипхъу щIыкIуэ и Iэ къыщIощIыр иIыгъыу щхьэщыс адэм и суртэр...

Ди жагъуэ зэрыхъущ, псоми кьагуроIуэ дяпэкIэ кьегъэлакIуэхэм гъз, кIий, гъы макъ зэрызыхамыхьжынур, псэ зыIут кьызэрамыгъуэтыжынур. Иджыри кьыздэсым я унагъуэхэм щыщхэр кьыхьжынкIэ гугъэу я унэхэм дже щызэхэта щIыхуэм я гу щыщIэр кьэIуэтэгъуейщ. Дэтхэнэми и гуауэр зэрыщIадзащ дэнэкIэ щыIэ адыгэмэ. Псалъэм кьыдэкIуэу жьIпIэмэ, хэкумкIэ щыщу Тыркуи щыпсэу цIыху зыбжанэм занщIу я кардиограмэр интернетым къралъхьэри, мелуан бжыгъэкIэ ахъшэкэр зэхуахьэсащ, зи мылъку езыгъэхьэм ягу зэгъэн папщIэ дэтхэнэми банкым кьыхиха ахъшэр Тыркум щылажьэ Адыгэ Хасэхэм яхьурэ зэрыразтыжыр, а ахъшэмкIэ кьащхьухэр, ахэр здаращащэр я нанэхэм кьыщагъэльэгъуащ. ЩIыр нэхъ Iейуэ щыхъея джыпалъхьэтэней щIыналъэм нэхъапэу нэсар Адыгэ Хасэхэращ. Шэтырхэр, хьэкуэр, уэнэшжэхэр, щыгъынхэр, нэгъуэщI хьэпшып куди яшэурэ щIы хьэйм кьела адыгэхэр уаемрэ гъаблэмрэ щахьумащ. Зы адыгэ жьыли гупльатIэщIэу кьэнакъым. Псори зэхэту кьапщтэжу, ахэр 60-м щIегъу. Мы махуэхэм лъапсэншэу кьэна я къуэшхэмрэ шыпхъэхэмрэ я щIыпIэм кьраш.

КъищынэмыщIауэ, мы Iэхуэм жыджэру иужь ихьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ абы хьихьэ кьудамэхэмрэ. Псалъэм кьыздэкIуэу жьIпIэмэ, расчётэ счёт къызэIуахауэ ахъшэ зэхуахьэс Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм, Ставрополь крайм щыIэ Адыгэ Хасэхэм, мэздэгу адыгэхэм, хы фIыщIэ Iуфэм Iус шапсыгъэхэм. Апхуэдэуи Абхъаз Республикэм ахъшэ щызэхуахьэс. Мылъкушхуэ зэхалъхьэурэ ди лъэпкъэгъуэхэм ярагъэхъэ. Америкэм, Канадэм, Германиеми, Иорданиеми, Израильми, нэгъуэщI къэралхэм щыIэ адыгэ зэгухьэныгъэхэм.

«Адыгэхэр» щэнхабзэ центрым и тхьэмадэ Шыбзыхуэ Юрэ зэрыжиIэмкIэ, Урысейм исхэм Тыркум щыщ цIыху щхьэхуэм ахъшэ куэд хурагъэхьыныр дзыхьщIыгъуэ-джащ. «Ар хуэныкъуэхэм я деж зэрыхэсынум щэн кьыштекIыжкым, ауэ хамэ хэрдзэ кьикIыу апхуэдизу кьызэрыхьэ банк картэр умыщIэхуэу зэхуащIыфынущ, илъ ахъшэр кьыпхуимыхьыжу, абы лимит иIэщ. Апхуэдэ дыдэуи кьыхуарагъэхьа сомым и бжыгъэр зэрыкуэдым кьыихэкIыу налог тралъхьэфынущ. МащIэкъым ахъшэр хьыщрахкIэ техъэ кьуэдыри, ар тырку лирэм щыхуагъакIуэкIэ, хагъэкIри. КъищынэмыщIауэ, ахъшэ хамэ я кьарал езыгъэхъэ цIыхум кьиин кьыIыгъкуэкIынкIэ хъунущ. А псом фIыхэмыткIи щхьэкIэ, фIыкIыхуэдэжэ, Iэхуэщ1ап1эхэм, зэгухьэныгъэхэм кьызэрагъэпэщащ расчётнэ счётым евгъэхьыну», - жиIэ Юрэ. Апхуэдэ расчётэ счётхэр куэду кьызэIуахащи, жэрдэм зиIэ псоми Iэмал иIэнущ псапэ зыпылъ Iуэхум хыхьэну. Москва щеджэу, щылажьэу щыIэ адыгэ щIалэгъуалэри лъэныкъуэкIэ кьэнакъым. Абыхэм щыгъынхэр, ерыскьыхэр, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхахьэс Сирием и посольствэу кьалащхьэм дэтым.

Мыпхуэдэ зы хьыбар гуапи щыIэщ. Ди цIыхуэхэм ахъшэ зэрызэхахьэсым нэмыщI, ДАХ-м лъэIуэр кьыIэрыхьэрти, КАФФЕД-м и унафэщI Щоджэн Iуматт тхыгъэ Iэрилъхьащ. Абы итыр мыращ: «ПщIэ зыхуэтщI Щоджэн Iуматт! Мазаем и 6-м тырку къэралыгъэм къыщыхъуа щIы хьэйм цIыхуэхэм я гущIэдащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сабий куэд зеиншэ ищIащ, адэншэ-анэншэу кьыгъэнащ. ЦIыхуэхэм къатепсыха гуауэр зыхэзымыщIа кьэнакъым, псоми ди гур щIоуэ, щIэгъэкъуэн дызэрыхъуэн Iэмалкэр кьыдолъытэхьуэ. Апхуэдэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу цIыху куэдым пъэIукIэ зыкъыхуагъазэ щIы хьэям зи Iыхьлы хэкIуэда, зеиншэу кьигъэна сабийкэр къуэ е пхъу ящIыну зэрыхуэйр къыхэзыу.

ДАХ-м лъэIукIэ зыкъыхуэзыгъэзэ унагъуэхэр псори зэпэщащ: хуащIауэ зэрыщ, сабийр зыхуей зэрыхуагъэзэн, зэрыригъэджэн, гъэсэныгъэ зэрыратын Iэмал псори ягъэдэтлъ, езыхэр узыншэщ. Хасэшхуэр мы Iуэхум хыхьэну, ар кьызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ лжьыгъэ кьиIэтыну, и гущIи хитIыкъэну хьэзырщ».

КАФФЕД-м хьыхь хасэ 50-м щIигъуми нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэми жэщ-махуэм зэпымыуэу лжьыгъэ щокIуэкI, дэIэпыкъуэгъэхэр тоннищэ бжыгъэкIэ кьаIэрохъэ, ахэр зэбгратыкI. КъищынэмыщIауэ, Анкара, Истамбул, Къайсэр кьашар мащIэкъым, зи уэ кьутахэр, щIы хьэйм кьелахэр ягъэкъэщIэ, бысым гуапэ яхуохъу. Мыбдежьым кьыжьалъпхъэщ тырку хьэрычэтыщIэхэр, хьэщIэщ зыгъэлажьэкэр гупщIанэу кьызэрыщIэкIар, жьэгуншэу кьэна дэтхэнэри пщIэншэу хьэщIэщэм щIэтIысхьэну хуит зэращIар. Гъунэ иIэкъым щIыхуэхэм я дэIэпыкъуэныгъэу Истамбыл, Анкара, Мараш, Дюнджэ, Адана, Самсун, Измир, Адапазар, Бурсэ щыIэ адыгэабзэ зэгухьэныгъэхэм зэхуахьэсымрэ лей зытехьахэм хурагъашэмрэ.

Зи гуащIэр нэхъыбэ зэгухьэныгъэхэр щолажьэ ди къэралым. Псапащэ фонд нэхъ инкэм ящыщу «Закят»-м мазаем и 6-м кьыщыщIэдзауэ и 11 пщIондэ сом мелуан 60-м нэблагъэ зэхуихьэсащ. Я махуэхэм Тыркум иригъэшащ генераторхэр, къегъэлакIуэхэм кьагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр, ерыскьыхэр, щхьIэнхэр, хущIыхуэхэр. Ахэр ялъэIэсащ Антакья, Адыяман, Малатье, Кахраманмараш кьалхэм. ИужькIэ, а къэралым и унафэщIхэми, щылажьэ компание инкэми и ныбжьэгъу щIыналъэхэми кьыхуащI гулъытэр зэрыиныр ялъагъуэри, дэIэпыкъуныгъэ нэхъ хуэныкъуэ Сирием машинэшхуэхэр зэригъэкIуэн Iэмалхэр кьигупсысащ. Блыщхьэ лъандэрэ Алеппо, Идлиб, Латакиэ, Хамэ, нэгъуэщI кьалхэмэ ирагъашэ щыхуэр зыкуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ щхынэр.

Сирием ульэIэсыныр нэхъ гугъуми, «Солидарность» зэгухьэныгъэми япэ махуэ лъандэрэ зызыщIигъакъуэ аращ, абыхэм сом мелуан 90 зэхуахьэсауэ мы махуэхэм Сирием щолажьэ, гуэзэвгъуэ хэхуахэм я гуаэр щагъэпсынщIэу. КъызэрабжамкIэ, мы къэралыр щыщIыпхъэ щIыпIэ щIыу Iуфэ ин щIэныгъэ хуэщIыпхъэ, сабийхэр, зи ныбжь хэкIуэтахэр мэжджьитхэм, еджапIэхэм щIэсу аращ. ЦIыхуэгъэ гуэзвэгъуэщ зауэмрэ мэжащIалIагъэмрэ кьела къэрыпхъэм иджы кьатепсыхар. Сирием ящ дыдэу дэIэпыкъуэм щIэзыдахэм ящыщу Урысей Федерацэр, Алеппо, Хамэ, Латакиэ, Джеблэ, Стаму, Бустан-Эль-Башэ кьалхэм ерыскьыхэмрэ щыгъын хуабэхэмрэ щагуэш щIыпIэхэр къыщIэзыIуахауэ мэлажь, дзэпIэмрэ кьегъэлакIуэхэмрэ янэ зэтещIахэм щIыхуэхэр къыщIэжьыжьынкIэ сэбэп мэхъу.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● ДифI догъэпIэ

Лъэпкъым псэ хьэлэлкIэ хуэлажьэ

я проктыр щытрахащ хы фIыщIэ Iуфэм, Адыгеим, Къэбэрдей-Балъкъэрым. Адыгэ лъэпкъым и дэтхэнэ лIакъуэ-ми теухуа тхыдэ хэтыр ящыщу адыгэ фильмым, абы щolу адыгэ лъэпкъым и псэлъэкIэ, диалект псори, уеблэмэ Iубыхэмэ ящыщу къэна иужьрей цIыхум и макъыр. Телепроектыр гулъытэншэу кьиргъэнакъым Адыгэ Республикэм: 2014 гъэм абы къыщIэкIащ Сталисэт кьыфIащащ «Адыгеим щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ТВК-м адыгэбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр и редакцэм и лэжьыгъэр Iэкlуэлъакlуэ зэрызэкIэлъыгъэкIуэм кьыфIащащ «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист Ширдий Маринэрэ Салисэтрэ. Абыхэм километр мин бжыгъэхэр щызэпачащ хуабэр градус 40-м щынэс щIыналъэм. Километрым 18 хъу камерэр оператор Хьэнэ Альберт и пIэ илъу, кассетэхэмрэ камерэм и хьэпшыпхэмрэ зэрыпь сумкэр щIыхуитIым зэпаIыгъыу... адыгэхэм я унагъуэ ихьэрт аращ. Ауэ уэзыщIуфIыкIынщ абы къикIуар: нобэр къызэдсым а фильмыр ящIэж, Салисэт зэрыжиIэмкIэ, зэман щIагъуэ дзкIэрэкъым абы щIэлъэгъуэ хэхэс адыгэхэм ехьэлIауэ зыгуэркIэ кьемыупщIу, я гугъу ирамыгъэщIу.

Глобализацэм къишэ ныкъуасныгъэхэм, зэманым хамыгъэшIэсыхьыжу адыгэ пIэлъкIым зэрызихуэмэжым хуейм теухуа кьыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэт сериеу 7 хъу «ПIэдэйм узышэ гъуэгу» телефильмыр (опер. Хьэмыкъуэ О., Щоджэн И.), «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-мрэ «Адыгэ уна» тыкуэнымрэ (унафэщIыр Iутlыж Мэжидщ) зэрыпхъэщIыкIыжу, арщхьэкIэ нэхъыжьыIуэхэм зыкъыгъэзэгъэзэмэ, Iуэхур и пIэм зэримыкIынур къыдгурыIуэри, зызыщIэтIуплащ, гугъуехь ирокъ дызэкъуэту кьыздэнэжкIащ. Иджьпсту дызыщIэхъуэпсам хуэдэ сэтудие диIэщ, дызэрыплажьэн IэмэпсымэхэмкIи дыкъызэгъэпэщащ, сыт хуэдэ нэтынэ зыхуэщIын щIалэгъуалэ хъарзынэ кьытщIохьуэ, - жиIэ Салисэт.

Дызэрыщыгъуаэращи, телевидензм ехьэлIа лжьыгъэр гуп псо зыпэрыт Iуэхущ, гъэхьэзырымэ деж кьыщыщIэдзауэ ар телевизореплъхэм я деж нэгъэсынкIэ щыщIэкIыжу. Сэлисэт фIыщIэр и закъуэу бгъэдэплъхьэу, зы щIыпIэ и гугъуехьи хэбгъэкIуадзу кьыпхуэдэнукъым.

- Редактор нэхъыщхьэм и къалэнэр тележурналистхэм чэнджащ иритыну, абыхэм къэрхьэлIа лэжьыгъэр кьыпщытэну арамэ, нэтыныр гъэхьэзырымкIэ пэрыт цIыхум и гугъуехьыр щIэупщIэну, нэгъуэщI Iэджи пыщIащ абыхэм я лжьыгъэм. Нэхъ гугъу дыдэ ехьу къэсплъэтэри ахэращ, - кьыхэгъэщ Салисэт.

А зи гугъу ищI журналистхэри - езы Салисэт кьыхуэразыщ. Къэзэтэнщ Хьэгъундокъуэм и унафэм щIэту лажьэ хъыджэбз зы-тIу. «Лэжьэн зэрыщIэздзэрэ Салисэт и чэнджащ щхьэпэжэр сэбэп кьыщыхсуэмыхъуэ кьэхъуэкым, - жиIэ Джэду Сэкинат. - НэтынкIэ згъэхьэзырым щIэздзэн iпэ зыхузогъаз зи унафэщIым, зэрыхъунугъэзыщIыжыр, зыхуэIэри зы тхыпхъэ гъэщIагъуэну лжьыгъэр си нэгу кьыщIохьэ. ТекIын дыуха иужьи гуитIщхьитIыгъэр щыщIхьащIыкIэр Салисэт еплъыжа иужьщ. Щыыгъэгъэ е гу зыIыпсатапхъэ щызыгъэльагъуэкIэ соукIыетэ, апхуэдэуи экраным мыкIуэ щыщIкIэ кьызэрибыдыжкам сыщогъэгъпIкI. Ар, кIэщI дыдэми, лжьыгъэм ехьэлIарщ. ЦIыхуэгъэ и лъэныкъуэкIэ Салисэт хуэдэ цIыху зэпIэзэрыт къэгъуэтыгъуейщ. Дызыхь хуэпщIа зы псалъэ дунейм кьытехьауэ зэхэзыпхуэкъым, губгъапIэдэх зэрыпхъэхуэм ещхьыркъабзэу и Iэр кьыызыпелкIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуи ди кьыщIигъэжьэнущ. Ар сэ мызэ-мытIэу згъэунэхуащ. Сыхуейщ ди унафэщI IущIыр, и чэнджэщыфIхэр кьыдихьэзIлIэу, иджыри илъэс куэдкIи ди япэ итыну».

«Сабийр бгъэсэнумэ, псалъэкIэ яужь уимыхьэ, щапхъэ хуэхъу жаIэ. Апхуэдэущ дэ Салисэт кьыззэрытхущытыр. Егъэлеяуэ екъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ телевидензм 2009 гъэм сыкьыщыкIуам Салисэт и унафэм щIэт адыгэ кьудамэм лжьэн зэрыщIащIздзар, си япэ нэтынхэм деж щыщIэдзауэ и нэIэ тету Iэщ1агъэм зызэрыхишар. Езым и журналист лжьыгъэкIэ егъэлеяуэ куущи, Салисэт ещхьу и Iэщ1агъэ кьыхихар. Хуэфащэщ, абы иролэжьэф сэри кьысхужаIэну сыхуейщ. И цIыкугъэкIэ Хьэгъундокъуэм хуэдэ уигъэлъыхъэнщ, цIыху пэжщ, цIыху нэсщ. КуэдкIэ абы елъытащ кьудамэр зэрылажьэр, абы и журналистхэр зэрызэгурыIуэр. Си гугъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр телевидензм и адыгэ редакцэм Iэнатlэм хуэфащэ, хуэпэж, ар фIыуэ зыльагъуэ гуп дыдэ кьыщызэрыпэщащ. - жиIэ Жьашуты Залинэ.

«Телевидензм лжьэпIэ сызэрыуврэ илъэс ныкъуэ хъууэ аращ. Ялэ нэтыныр тесхынэ сыдэкIын хуейт. Салисэт пщэдджьыжьым зыспсалъэри зы щхьэкIи сымышынэну, сымыгузэвану кьыззэкIат. Ар куэд и уасэщ си дежкIэ, зэуэ си кьарур си фIэщ хъуащ, гузавэр сщхьэщыкIащ. Абырэ мыбырэ я зэхуакум гукъэкI зиIэ, ди гупсысэр нэсу кьызыгурыIуэ, сыт и лъэныкъэкIи кьыддэзIэпIыкъу редактору сэри си лжьэгъуэхэми кьыдбгъэдэтщ ар. ФIыуэ дунейм тетыр кьеХъулIэну си гуапэщ, икъукIэ сыхуэзарэзыщ, - кьыдджелэ Лаурэ.

«Бзылъхугъэ щыпкъэр, цIыху Iущыр, пэжьакIуэ гумызагъэр, ныбжьэгъу пажьир, анэ гумащIэр и гурыльхфI псоми Iэкъ телэбэну, зэушыгъэрэ гукъыдэжрэ щымышIну сыхуохьахъуэ», - кьыхихгъэщащ Жьлокъуэ Люсанэ.

Куэдрэ кьохъу цIыхум щыугъэ щыIэщIэкI. Апхуэдэ зы щыугъэщ Салисэт игъэхьэзыра нэтынхэм, трихэ фильмхэм дытетхыхьурэ езым и лжьыгъэ нэрылъагъу-нэрылмылъагъуэ журналистхэм IэпэдзгъэлIап зэрытщIар. Ар икIэщIы

Къалэшхуэхэм щIэIэпхъуэм и щхьэусыгъуэр

● Абы дегъэпIейтей

Урысей Федерацэр къэрал абрагъэущ, дунейм щыпхъэ инхэм ящыщщ. Къалэу итыр гъэщIэгъуэн защIэщ, дэтхэнэми езым и тхьдэ, и псэукIэ, и щхьэхуэныгъэ, и дахагъэ иIэжу.

АУЭ нобэ цIыхухэм нэхъ къащтэр къалэшхуэхэрщ, щыхьэрхэрщ, абы нэхъ зыхуей хуэзэу щыпсэуну къалъытэри. Абы кIыхьжIыу, жылагъэр къалэшхуэхэм мэзIэпхъуэ, къалэ нэхъ щIыкIухэм къыдэнэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу, къуажэхэр хокIуэдэжьипэ. Урысейм и хэгъэгухэм щыпсэу щIалэгъуалэр Москва зэрыхь хуэщ, щеджеиу, щыпхъэжьиу, щыпсэуну къэнэжхэр куэдщ.

АтIэ къэкIуэн яIэ къалэ нэхъ цIыкIухэм, хэгъэгухэм щыIэ щIыпIэ дахэхэм? ЯIэм къыщынэркъым. Иджыпей технологиехэм зыщагужьа, ар экономикэм къыщагъэсэбэп щыхьэуа лъэхъэнэм къалэхэм лэжьыгъэ IэнатIэщIэхэр къыщыхьэIуах хуэащ, Iэмал куэд къыщыкIуэкIащ. КъищынэмыщIауэ, ущыпсэуну нэхъ тыншщ икIи нэхъ сабэпщ. Мегаполисым нэхърэ къалэ цIыкIуэм гъащIэм нэхъ ухуегъахьэзыр, щыпсэуэхэр нэхъ зэрыIыгъщ, къэхъуIами, нэхъ щызэдоIэпкIуу, къыпщыщIIами нэхъ укъыщащIэ.

Урысейм и иджырей хэгъэгуэм щыIэ къалэхэм дэтщ школхэр, театрхэр, сымаджэщхэр, тхыльеджапIэхэр. Абыхэм щахьумэ лъэпкъ щэнхабзэр, бзэр, хьэлыр, псэукIэр. Архитектурэ кIудейр сыт и уасэ? Дэтхэнэ къалэми езым и теплъэрэ гъэщIэрэщIакIэрэ иIэжщ, зыщуплъыхь къудеймэ, и беягъыр къыуиГащIэу.

Хэт сыт жиIэми, къалэ нэхъ цIыкIухэм щекIуэкI псэукIэр нэгъуэщIщ, мегаполисым нэхърэ. Къалэшхуэм щыщIыIэ хабзэмрэ псэукIэмрэ уэзщIебубдэри, уи щхьэ и унафэ щыпщIыжьфырыкъым, уигу зыхуэхIуэр щыхьIэрыбгъэхьфырыкъым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, уэрэ-уэрмыра хуэдэу ущопсэу, зэманым и архъуанэм укърихьэкIыу. Къалэ цIыкIум цIыхум и пщIэри щыпсагъщи, и щхьэри зыхуей щыхуегъаэзри, гъащIэм и IэфIагъ псори щыпсэуну къэнэжхэр куэдщ.

АтIэ къэкIуэн яIэ къалэ нэхъ цIыкIухэм, хэгъэгухэм щыIэ щIыпIэ дахэхэм? ЯIэм къыщынэркъым. Иджыпей технологиехэм зыщагужьа, ар экономикэм къыщагъэсэбэп щыхьэуа лъэхъэнэм къалэхэм лэжьыгъэ IэнатIэщIэхэр къыщыхьэIуах хуэащ, Iэмал куэд къыщыкIуэкIащ. КъищынэмыщIауэ, ущыпсэуну нэхъ тыншщ икIи нэхъ сабэпщ. Мегаполисым нэхърэ къалэ цIыкIухэм щыпсэуэхэр зэрыIыгъэфам.

ЦIыхур куэду къалэшхуэхэм Iэпхъуэу щIадзащ XX лIэщIыгъуэм. 1926 гъэм щегъэжьауэ 1937 гъэ пщIондэ, къыхэтхыкIым къыззэриIэльэгъуамкIэ, къалэдэсхэм я бжыгъэр тIукIэ хэхъуащ, процент 18-р 33-м нэсащ. Мыбдежьым щхьэусыгъуэ хуэар къалэ нэхъ цIыкIуэмрэ къуажэхэмрэ колхоз, совхозхэм щаIыгъ IэхъущIапIэхэр мылэжьэж зэрыхъуар арагъэнщ. Совет Союзыр къутэжа нэужь, заводхэмрэ фабрикэхэмрэ къэралым иратыжащ. Ауэрэ ахэр зэхуащIыжри, цIыхуэхэр Iэпхъуэу хуежьащ.

Иджыпсту екIуэкIым тепщIыхьмэ, щIалэгъуалэм къыщалъхуам лжьыгъэ зэрыщамыгъуэтым къыхэкIыу, Iэпхъуэу аращ къалэшхуэхэм. IэнатIэу щыIэр бюджет IуэхущIапIэхэщ. Къалэшхуэ - администрацэ, школ, сымаджэщ. ВЦИОМ 2021 гъэм иригъэкIуэкIа щIэупщIэнхъуэм къыззригъэлъэгъуамкIэ, къалэ нэхъ цIыкIухэм дэсхэмрэ къуажэхэм къыщалъхуахэмрэ я гукъыдэжыр нэхъ мащIэщ, псэукIэмкIэ арэзыкъым, кулейсызу зыкъалытэж, я ахъшэр шхыныжьрэ щыгъынымрэ яхуирикъу къудейуэ жаIэ. Къалэшхуэхэм дэсхэр гъащIэм нэхъ хуэарэзыщ, зыхуей ягъуэту псоуэ къэзыпытэр нэхъыбэщ. Абы къыхэкIыу, къалэхэм куэду зэрыIэпхъуэр къэувыIэн папщIэ, къэралым псэукIэ тыншым екъэIа Iэмал псори къуажэхэми къыщыхэгъэпсыкIын хуейщ. Иджырей технологиехэм я Iэмалхэм тепщIыхьмэ, ар гугъуэкъым.

Дызэрыт зэманым хэрал куэдым хуабжьу щытопсэлъыхь къалэ цIыкIухэм зегъэужьын зэрыхуейм. Псалъэм къыдэкIуэу жыIэмэ, Германием и цIыкIухэм я IыхьэщанэркъалэнэхъцIыкIуэхэрщ зыдэсри. Иджы абы «Академия малых городов» проектыр щрагъэжьащ. Абы и мыхьэнэр къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэрызрагъэуж жыхь проектэр къагупсысу гъащIэм хапщэнырщ. Канадэм, Онтарио къедза жылэхэм уеплъмэ, бизнес Iуэхум зыщрагъэужьу хуежьащ, цIыкIуэр драгъэхьэхьи папщIэ. Жылэхэм газри, псэри, интернетри щыIэщ, налог хуэгъэкIуатэхэр яIэщ, иджы хьэрычэтыщIэ Iуэхуэр зыхуей хуэзэу щызэтраублэмэ, Iэпхъуэр куэд хъуну хуагъэфащэ. Апхуэдэ щыкIэкIэ къалэ цIыкIухэмрэ къуажэхэмрэ кърагъэлынущ.

Сыт Урысейм ищIэфынур абы теухуауэ? Дауэ щытми, цIыкIур къезыхуэкIыр ахъшэ къэлэжьэнырщ. Абы ипкъ иткIэ, жылэ цIыкIухэми гъжьыгъэ IэнатIэ щыIэн хуейщ, лэжьапщIэ хъарзынэкэр щату. Абы папщIэ хьэрычэтыщIэхэм Iэмал псори кахуэзгъэпэщауэ, налогхэр ящхьэщыхауэ, нэгъуэщI хуэгъэкIуатэхэр къакIуэгупсысауэ жылэм Iуэхущ IапIэхэр дегъэщIыхьын хуейщ. Апхуэдэ дыдэуи псэукIэ тыншым и хэкIыпIэ псори къыщыщэгъэпэщыпхъэщ - псы, газ, ток, интернет, транспорт, нэгъуэщIхэри. ИтIанэ къалэшхуэм ущIэпхъуэн щхьэусыгъуэ щыIэжьинукъым. КъищынэмыщIауэ, Москва пыIудза къалэ Iэджэмэ ягъэлъэгъуэн я куэдщ, щыIуэпскIэ къулейщ, абы къыхэкIыу, туристхэр ящыщхьэхьфынущ, инфраструктурэр щызэтеубламэ, зыплъыхьакIуэхэри кIуэнущ.

Мегаполисхэм дэт офис нэхъыщIэхъэхэм, къулыкъущIапIэхэм, къэрал Iуэхущ IапIэхэр ящыщщэр къалэ гуэрхэм пхы хьунущ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэри хэкIыпIэщ къалэ цIыкIухэм дэсхэр къалэшхуэхэм зэчапсэу щымытынымкIэ. Ар политикэ Iуэхумкли щхьэпэ хьунущ.

Илъэс зыбжанэ хьуауэ медицинэ IэнатIэм щолажьэ «Земский доктор», «Земский фельдшер» къэрал программэхэр, егъэджэныгъэ IэнатIэм и иIэщ апхуэдэхэр, абы хэту сымаджэщхэр, школхэр, сабий садхэр къагъэщIэрэщIэж, щIэхэр яухуэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыкIухэм зэрыхуащIэ щыкIэм иджыри зихъуэжакъым, ар ефIэкIуауэ пхужыIэнхъуэм, зи гугъу тщIыр къуажэ, къалэ нэхъ цIыкIухэм щыщыIэ щытыкIэрщ.

Къалэшхуэхэм цIыкIухэр зэрымыкъыш щхьэкIэ цIыкIу цIэрыIуэхэм я псэупIэр яхъуэжмэ, сэбэп хъунущ. Абыхэм къалэ нэхъ цIыкIухэм, езыхэр къэпсэпкIэ зыгъэщIащхэм, ягъэзэжьын щIадзэмэ, абы къыдэкIэхэр, шэч хэмылъу, нэхъ мащIэнущ. Зи хэку къэзыгъэззэжхэр къалэ цIыкIухэм гугъуехьыншэу дагъэтIысхьэжу щытамэ, абыхэм я дежкIи ди дежкIи сэбэпт.

Мы дунейм щызэкIэлъыкIуэхэм визэ къыхуагъэувын зэрыщIадзэрэ, дэ къэралкIуэцI туризмэр нэхъ едгъэфIэкIуэфынущ щытщ. А Iэмалыр икIэщIыпIэкIэ къыззэгъэпэщын хуейхэм ящIыщщ.

Псом нэхърэ нэхъыщIэращи, къалэ цIыкIухэмрэ къуажэхэмрэщ лъэпкъ зыхэщIыкIымрэ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэмрэ хъума щыхъур. Апхуэдэуи дэтхэнэ зы къалэми тхыдэм къыжьа зы лIыхъужьыгъэ иIэщ, и щIэблэр щIипIыкIыну, хэкур фIыуэ лъагъуным къыхуриджэну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Апхуэдэущ адыгэхэр ноби зэреджэр Iущхьэ джабэ нэкIухэм я лъабжьэкIэ къыщежьэ къуэпсхэмкIэ зыкъыззэщIэзыкъуэу хым хэлъэдэж псы цIыкIумрэ абдеж дыдэм къыщыпэхуа Новороссийск къалэмрэ. А цIэр зэрехьэ псыIум къегъэщIылIа хьжьэми («Цемесская бухта»).

НОВОРОССИЙСК къалэр здэщыт щIыпIэм адыгэхэр «ЦIыгу пщыкIуийкIи» еджэрт. А цIэр щIытрагъэлукIами щхьэусыгъуэ пыуыкIа иIэт: пасэ зэманхэм щыгъуэ, Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм укъытеувэу ЦIэмэз зи фIэщыгъэ хьжьэм унэсын папщIэ, иджыри бгыщхэ тхыцIэу 18 къызэбгэкIын хуейт.

Зи гугъу тщIы щы кIапэм щытепсэлъыхькIэ, адыгэхэм «ЧIыхэкI» - «ЩIыхэкI» псалъэри къагъэсэбэпырт, «псым жьжьэу хьхьэ щIы куэ» мыхьэнэр къэгъэкIыу. Сыту жыпIэмэ, нэхъ пасэхэм зэрыщытар араущи, ЦIэмэз зыфIаща псым ирихьэх утхъуахуэхэм ясея дэлъэдапIэр, шэдыпIэрэ жьжьэу, ищхъэрэкIэ кIыхьу екIырт.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ялэщыкIэ «ЦIэмэзкIэ» зэдзэу щытагъэнур мы щIыпIэм ижькIэрэ къущыкI мэз цIырхъ тIэкIуращ, «апхуэдизу зэкIэщIэпхъэныуащ, пIащIэщи, цIэ хэсми, пльаГъунымэ» хужаIэу.

Языныкъуэхэм зэрырагъэжьыныхьымкIэ (абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мы щыпIэм и тхыдэми щыхальъэгъуэу), мыбдежым лъэхъэнэ жьжьэжэ куэду къущыкIырт жыг лъэпкъыгъуэу дз, къэбэрдейхэм «екIэпцIэ», щапсыгъэм «пцIэ» - «пцIей» («ольха») зыхужаIэр.

Мыдрейуэ къыхэдгъэщынщи, щыпIэцIэхэр зэгуэхьсыным, я зэхэлъыкIэр джыным зэманым куэд ятезыгъэкIуэда щIэныгъэлIэхэу КIуэкIуэ Джэмалдинрэ Мерзятыкъуэ Хасымрэ къызэралъытамкIэ, «ЦIэмэз» фIэщыгъэр мы Iэшэлъашэм щыпсэуа тахъуэджхэм (адыгэ лъэпкъщ) нэхъ зыхуагъакIуэу щытыгъар «Гъудэбадзэхэм я мэз» егупсысыкIэрщ. «ЦIэпс» топонимым и къэхъукIэри абы ирагъэщхь.

Адыгэхэм «ЦIэмэз» псалъэр мы щыпIэм ехьэлIауэ нэхъ пасэхэми къагъэсэбэпу зэрыщытам и щыхьэтщ XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм (1813 гъэм, иужькIэ 1823 - 1824 гъэхэм) Анапэ быдапIэм щыпсэугъэ франджы щIэныгъэлI Тэбу де Маринри иужьым итхыжа и гукъэкIыжкэм абы хуэкIуэу къыщыхиГъэща фIэщыгъэхэри.

Мыри дэщIыгъуэжпхъэщ. Язныкъуэ адыгэхэм Новороссийск и гугъу щащIкIэ «Дзыгъуэ цIыкIу къалэ» жаIэу щытащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● ФIэщыгъэцIэхэр

ЦIэмэз

● ТхылъыщIэ

Адыгэ таурыхъхэр

Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Адыгэ таурыхъхэр» тхылъыр, щIэупщIэ ин зиIэ «Библиотека избранного» серием хьхьэу.

- АДЫГЭ таурыхъхэр, гушыIэхэр телъыджащ. Зытеуха и лъэныкъуэкIэ ахэр куэду зещхьэщокI. Адыгэ Iуэрыйуатэм щыщ таурыхъ нэхъыбIхэр хэдгъахьащ мы къыдэкIыгъуэм, - жеIэ Котляров Виктор. - Лъэпкъ таурыхъхэр нэхъри щIэлъапIэр абыхэм Iейм фIыр дапщэщи зэрыщытекIуэрщ. Ар лъэпкъыр зэрыуэнышэм и нэщэнэщ.

Адыгэ таурыхъхэм къыщигъэлъэгъуэжащ лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр, щэнхабзэр, хабзэр. Тхылъыр и бжыгъэкI къудкъыми, ар зыIэрызыгъахьэнухэр фепIэщIкI. Лэжьыгъэр къыщывгъуэтынущ Котляровхэ я тхылъ щапIэу Къэбэрдей уэрамым тетым е я интернет тыкуэным www.kotlyarov-publishers.ru. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ 8 (8662) 42 62 09 телефонымкIэ.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

Лыхъугу Арсенрэ абы къуэ Маратрэ.

● Футбол

Адэ цIэрыIуэм хуэфащэ ирехъу

ГъащIэми спортми куэдрэ къыщыхъу щыIэщ адэм пхиша лъагъуэм быныр ирикъуэрэ ар нэхъ кIыхь, бгъуэ ищIу. Нобэ зи гугъу тщIыну Лыхъугу Марат абы папщIэ япэ лъэбакъуэхэр ичащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым мазэ дэкIмэ щыщIэзыдзэжыну зэхьэзхуэм и етIуанэ Iыхьэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» иджыблагъэ ЕсэнтIыгу зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIэ щыдригъэкIуэкIырт къэралым и премьер-лигэм щыджэгу Гроэнэ и «Ахмат»-м и щIалэгъуалэ гупым. Ди щIалэхэм я капитан ПIуп Ислъам бжьыгъэр къызэIуихауэ япэ ищами, налшыкдэсхэр ебгъэкIуэ зыпытт. Абыхэм ящхьэныкIырт Iэзэгъ хъарзынэ зэрыбгъэдэлъыр нэрылъагъу зы щIалэщIэ дыдэ. Нэхъапэм ар ди командэм хэтатэкъым икIи «Спартак-Налшыкым» и тренерхэр зыкIэлъыплъхэм яущиц зыуэ хуэдгъэфэщащ. ТеплъэкIи адыгафэт.

Мис абы топыр къыIэрохьэри, зреч. Шэшэн гупым я гъуащхьэхъумэхэр къыкIэрыщIауэ ар гъуэм хуокIуэ. Къыпежэжьа гъуащхьэтетми бзаджэу Iэщ IокIри, планэнтэ дыдэм топыр егъакIуэ - 2:0!

ЩIалэщIэм къиГъэлъэгъуа Iэзэгъымрэ псынщIагъымрэ тфIэтельыджэу дыщIоупщIэ. Кыдоиш - Лыхъугу Маратщ, И тепльэкIэ дымыщIыхуми абы и цIэр зэхэтхакIэт. Ар Налшык и «Спартак»-м и футболист цIэрыIуэу щыта Лыхъугу Арсен и куэщ. Мэзкуу и «Локомотив»-мрэ ЦСКА-мрэ зыщигъэсаш, иужь зэманым «Сочи» футбол клубым и ныбжьыщIэ гупым хэтщ. Мазуэ зытухх дэкIмэ (мазаем и 22-м) и ныбжьыр илъэс пщыкIуБгъу ирикъуну аращ.

Лыхъугу Марат и топджэгу гъащIэр зэрыхъунур зэкIэ хэт ищIэн?! Дыхуейт балигъыпIэм щыхьхьэкIэ «Спартак-Налшыкыр» щIэдзапIэ лъэщ хуэхъуу, лъэпкъри къэралри зэрыгушхэн футболист гъуэзэджэ къыхэкIыну, и адэм хуэдэу. Абы папщIэ зыхуеину псори бгъэдэлъу къытщохъу.

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, Марат и адэ Лыхъугу Арсен 1994 гъэм Бахъсэн и «Автозапчасть»-м джэгун щригъэжьащ. ИужькIэНалшык и «Спартак»-мрэ Нарткъа и «Нартымрэ» 1997 - 1999 гъэхэм щыIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщIэхьэм хэту зэIущIэ 61-рэ иригъэкIуэкIащ икIи я хьэрхуэрэгъуэхэм топ 13 яхудигъэкIащ. 2000 гъэм Урысей Федерацэм футболымкIэ и лигэ нэхъыщхьэм щыджэгу Новгород ИщхьэрэиI «Локомотивэ»-м ирагъэблагъащ.

2001 гъэм къыщыщIадзауэ Къэзахъстаным екIуэIэныгъэкIэ топ джэгуным щыпищащ. «Астана»-м и щIыхьыр ихьмэу 2007 гъэм Европэм и Чемпионхэм я лигэм къыщыхэжьыкIащ. Ар апхуэдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэпеуэм щыджэгуу адыгэ щIалэхэм япэу дагъэкIа топщ!

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэнщи, Лыхъугу Арсен яхэмытамэ Къэзахъстаным и командэ нэхъыфIэу «Астана»-мрэ (нэхъапэм - «Женис») «Кайрат»-мрэ, я ехьулIэныгъэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэнут. ЖыпIэну урикъунщи ди лъэпкъэгъуэр Къэзахъстаным и чемпионатым и гуащхьэуэ нэхъ Iэзэ дыдэ 2001, 2004 гъэхэм зэрыхъуар, а къэралым и кубокыр щэнейрэ (2001, 2002, 2003 гъэхэм) къызэрихьар. ЯпэщIыкIэ Астана и «Женис»-м хэту Арсен и хьэрхуэрэгъуэхэм топ 30 яхудигъэкIащ, иужькIэ «Кайрат»-м хьыхэри абы щыдигъэкIа топ 22-м хуэдиз зыми къэхуIащхьэм.

Араущи, дыщогугъ и адэ цIэрыIуэм хуэфащэ хъуну зи псы къэжьгъуэ Лыхъугу Марати. Дэ тепIыжьпIэ дыкIэлъыплъынущ абы и ехьулIэныгъэхэм.

ХЬЭТАУИслъам.

ЗауэлI-интернационалистхэм я фэеплъ

● Лыгъэм и дерс



Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ, полицэм и майор КIэфо Залим Налшык къалэ дэт школ №33-м щригъэкIуэкIащ лыгъэм и дерс. Ар траухуащ хамэ къэралхэм щекIуэкIа дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм зи къалэн зыгъэзащIэу щыхэкIуэда ди зауэлIхэм я Фэеплъ махуэм.

КIЭФОМ школакIуэхэм яжриIащ мы махуэр зэрагъэувар ди щIалэхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэмрэ Хэкум зэрыхуэпэжьымрэ я дамыгъэу, абыхэм я фэеплъыр зэрагъэлъапIэу зэрыщытыр.

- Мы махуэм къэрал псом пщIэ щыхуащI ди хэкуэгъуэхэу зи дзэ къулыкъур хамэ къэралым щезыхьэкIахэм. 1989 гъэм мазаем и 15-м советыдзэхэм я иужьрей гупхэр Хэкум къэкIуэжауэ щыташ, пхуэмыIуэтэн лIыгъэрэ хэхуагъэрэ къыщагъэсагъуа Афганистаным къикIыжри. А махуэр ящальытэ урысей цIыхухэм, псом япэу къыщIэхъуэ щIэблэм, хэкупсэ гъэсэныгъэ яхэзыльхьэу, - жиIащ офицерым.

ШколакIуэхэм псальэмакъ гъэщIэгъуэным папщIэ россгвардейцым фIыщIэ хуащIащ икIи жаIащ дяпэкIи зэкъуэзэну зэрыщыгугъыр.

УАРДЭ Женя.

Япэу ягъэлъагъуэ

● Гъуазджэ

Лэскэн районым хьыхь Анзорей къуажэм щагъэлъэгъуащ режиссёр Iэзэ Ерокъуэ Бишер и документальнэ фильмыщIэ.

КУЭДЫМ ягу дыхьа лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъуар адыгэхэрэ абыхэм я хабзэм, щэнхабзэм, Iэпэ Iэсагъэм теухуа документальнэ щIэнгъуаэзэм щыщ сериехэрщ. Абы щыщу зэкIэ ягъэлъэгъуар япэ фильмырщ.

- Япэм фильмым къыщыдгъэлъэгъуащ арджэн щыныжьмкIэ Iэпщ Iэлъапщ Iэхэм я лэжьыгъэхэр. Арджэн гъахьэзыркIэр и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэс зэрызэкIэлъыхьам теухуа фильмыр иплъэсыжьым зэныбжьыгъэ зэрыщыгъуэ. Ар лэжьыгъэхэр ди щIэныгъэм щыпсэуэхэми нэгъуэщI къэралхэр зи хэщIапIэ адыгэми къащхьэпэнщ.

Ерокъуэ Бишер зэрыжиIэмкIэ, Кавказым и нэгъуэщI щыналъхэмми апхуэдэ фильмхэр щытрахыуэрэ Iуэхум зрагъэубгъуну я мурадщ. Абы щыпащэнщ ди лъэпкъыгъуэхэр щыпсэу Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм.

Арджэн телъыджэхэр къызэрагъэщIыну теухуа фильмым уэзыIэпешэ. Iэпэ Iэсэхэр топсэлъыхь адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI а хьэпшыпэ зэращIым. Нэхъыщхьэраши, цIыху Iэпщ Iэлъапщ Iэхэр я лэжьыгъэм зэрытепсэлъыхьыр адыгэбзэщ. НэгъуэщI лъэпкъхэм щыщхэм къагурыIуэн папщIэ, абыхэм жаIэр инджылызыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, хьэрпыбзэкIэ, урысыбзэкIэ кIэщIатхэж. Лэжьыгъэхэр кинотеатрхэм щагъэлъэгъуэнущ, интернетми къыщыбгъуэтынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Кадетым и махуэм

Мазаем и 17-м Урысейм щагъэлъапIэ Кадетым и махуэр. Абы ипкъ иткIэ Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №6-м и актовэ пэшым щыIэхэуэсат Аргуэн районым щыпIэ апхуэдэ классым щIэсхэр. ЕджапIэм и администрацэм иригъэблагъэри, а Iуэху щхьэпэм хэтащ Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ, полицэм и майор Лыкъуэжь Маринэ.

ПЭЩIЭДЗЭ школым и кадетхэмрэ еджакIуэхэмрэ концерт ягъэхьэзырат - ахэр усэхэм кьеджащ, уэрэдхэр жаIащ икIи кьэфащ.

- Сыт зэманми кадет классхэм щIэблэр щагъэсащ хэкупсэу, цIыхугъэ яхэлъу, дзэ щIыхьыр, зэныбжьэгъугъэр гъэпэжьныр япэ ирагъэщу. Си фIэщ мэхъу «Жизнь - России, честь - никому!» кьыхуеджэнымрэ и мыхьэнэр иджырей кадетхэм я дежкIи зэрымыкIуэдар, - кьыхигъэщащ Лыкъуэжь Маринэ.

Школым и унафэщIхэм Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, полицэм и полковник Васильев Сергейрэ Лыкъуэжь Маринэрэ фIыщIэ хуащIащ лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызыкъыщIагъакъуэм, къаэзрыдэIэпыкъым папщIэ.

БАХЪСЭН Аэзмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр: ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущ IапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.669
Заказыр №324

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ тоут зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къудзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* Инэрокъуэ Аэзмэт *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.